ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№158 (23.066) • 2015 гъэм шыщхьэІум (августым) и 18, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Принц Алий и хьэщІэщым.

Сенатым зэІущІэ щокІуэкІ.

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Лъэпкъ Іуэху зэрахуэ

Шыщхьэуіум и 7 - 13 мафуэхэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лІыкІуэ гуп лэжьыгъэ Іуэхукіэ Тыркум, Иорданием, Израиилым щыІащ (еплъ «АП», №153, №154). Гупым хэтащ ДАХ-м и тхьэмадэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор Сэхъурокъуэ Хьэутий, УФ-м и ТхакІуэхэм я союзым и унафэщым и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ, СССР-мрэ УФ-мрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат Мэшбащ Исхьэкъ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ Мухьэмэд сымэ.

Амман и Іэтащхьэм бгъэдэсхэщ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ Къардэн Самирэ.

АДЭЖЬ Хэкум икІа лЫкІуэхэр Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм и тхьэмадэ **Хьэгъундокъуэ Яшаррэ** абы и лжьэгъуэхэмрэ ирагъэблэгъащ. ХьэщІэхэр япэу дыхьащ Бурсэ къалэм, икІи Къыльыш (Джатэ) Метин и унагъуэм ихьэри абы и щхьэгъусэмрэ и къуэмрэ Суруч къыщыхъуа теракТым зэрыхэкІуэдам щхьэкІэ хуэгуэзващ. Адэкіэ КъБР-мрэ АР-мрэ щыщ тхьэмадэхэр Анкара кІуащ КАФФЕД-м къыззэригъэпэща зэхуэсым, хасэ 42-м я лЫкІуэхэр къыщызэхуэсам хэтыну. Нэхъыжьхьэмрэ щІалэгъуалэмрэ я зэхьыхьэшхэм къыщыпсэльащ **Сэхъурокъуэ Хьэутий, Мэшбащ Исхьэкъ, ХьэфЫщІэ Мухьэмэд** сымэ. Нэхъыжьыкфіхэм я зекІуэм лъабжьэ хуэхъуар арати, хэхэс адыгэхэм хуаІуэтащ ДАХ-м илъэсищ блэкІам иригъэкІуэкІа лэжьыгъэхэр зыхуэдэр, лъэпкъ Іуэхур дэгъэкІыным екъэлІауэ зэфІагъэкІаэр, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэпыщІэныгъэр зэрырагъэфІакІуэр, дунейм тепхъа хуэа ди лъэпкъэгъуэхэм щы-псэу щыІпІэхэм щаІэ щыІэкІэ-псэукІэр зыхуэдэр, я адэжь хэкум нобэкІэ яхуиІщІэфыр. Апхуэдэуи ди къуэшхэм я гурыгъу-гурыщІэхэр зрагъэщІащ, ахэр зыгъэпІейтей Іэхъугъуэхэмрэ къэкІуэнум хуаІэ еплъыкІэхэмрэ ягъэбелджылащ.

Щыщхьэуіум и 10-м ДАХ-м и лЫкІуэхэр щетІысхэащ пащтыхъуащэ Алия и щІэр зезыхьэу Амман дэт аэропортым. Абыхэм къаІуущІащ Иорданием щылажьэ Адыгэ ФЫщІэ Хасэм и унафэщІэхэр, сенатор Къардэн Самир я пашэу. А махуэ дыдэм хьэщІэхэр АФІХ-м и унэм ираГъэблагъэри, цІыху 80-м нэс щызэхуэса зэІущІэм хэтащ. ФЫщІэ Хасэм хэт, адыгэ Іуэхум гурэ псэкІэ хуэлажьэ ди къуэшхэм я пащхьэ къыщыпсэльащ Амман кІуа тхьэмадэхэр, апхуэдэуи я упщІэхэм жэуап ираташ.

ДАХ-м и гупыр щыІащ Урысей Федерацэм и лЫкІуэм и хэщІапІэу Амман дэтым. Аизр хуэзащ посольствэм и апэ секретарь **Барковский Леонидрэ** Урысей щэнхабзэ центрым и унафэщІ **Зайчиков Вадимрэ**. ЕтІуанэ махуэм Сэхъурокъуэр зи пашэ гупыр Иорданием и Сенатым щыІащ, абы и тхьэмадэ **Абду-Раіуф Рауабде** хуэзащ, шэджагъуэ нэужькІэ ахэр ираГъэблагъащ Амман и мэрием и унафэщІ **Бельтаджи Акель**.

А махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм Хэкужьым икІа лЫкІуэхэр игъэхьэщІащ Иорданием и пащтыхьыкъуэ **Алий Бин ал-Хъусейн**. ДАХ-м и лЫкІуэхэм я мурад нэхъыщхьэмрэ хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэпыщІа хъун папщІэ ялажьхэмрэ тепсэлъыхьа нэужь, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр пащтыхьыкъуэм иритащ Сэхъурокъуэ Хьэутий, адыгэхэм я пщІэр къызэриІэтым, Иорданием иц ди къуэшхэм и нэІэ зэратригъэтым, адыгэшыр зыхилъхьэ щыныІэу фІыуэ зэрилъагъум папщІэ. ХьэщІэхэр а пщыхьэщхьэм щыІащ Амман дэт Адыгэ Бзылъхугъэ Хасэм.

Лэжьыгъэ Іэхукіэ ежьажэр шыщхьэуІум и 12-м Израиль щІынальэм ихьащ. Кфар-Камэ къуажэ советым и унафэщІ **Нэпсо Закарие**, абы щыІэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Бжьэдыгъу (Бгъанэ) Щэхъкий** сымэ къаІущІащ. ХьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ мэрием щызэхуэзащ, щызэпсэльащ, къуажэм дэлъ Іуэхуэм, адыгабзэр егъэджэным теухуэуэ щыІэ щытыкІэм, хэкум зыкъыІэзэрыпадэтым. Аизр хуэзащ посольствэм и апэ секретарь **Барковский Леонидрэ** Урысей щэнхабзэ центрым и унафэщІ **Зайчиков Вадимрэ**. ЕтІуанэ махуэм Сэхъурокъуэр зи пашэ гупыр Иорданием и Сенатым щыІащ, абы и тхьэмадэ **Абду-Раіуф Рауабде** хуэзащ, шэджагъуэ нэужькІэ ахэр ираГъэблагъащ Амман и мэрием и унафэщІ **Бельтаджи Акель**.

А махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм Хэкужьым икІа лЫкІуэхэр игъэхьэщІащ Иорданием и пащтыхьыкъуэ **Алий Бин ал-Хъусейн**. ДАХ-м и лЫкІуэхэм я мурад нэхъыщхьэмрэ хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэпыщІа хъун папщІэ ялажьхэмрэ тепсэлъыхьа нэужь, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр пащтыхьыкъуэм иритащ Сэхъурокъуэ Хьэутий, адыгэхэм я пщІэр къызэриІэтым, Иорданием иц ди къуэшхэм и нэІэ зэратригъэтым, адыгэшыр зыхилъхьэ щыныІэу фІыуэ зэрилъагъум папщІэ. ХьэщІэхэр а пщыхьэщхьэм щыІащ Амман дэт Адыгэ Бзылъхугъэ Хасэм.

Лэжьыгъэ Іэхукіэ ежьажэр шыщхьэуІум и 12-м Израиль щІынальэм ихьащ. Кфар-Камэ къуажэ советым и унафэщІ **Нэпсо Закарие**, абы щыІэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Бжьэдыгъу (Бгъанэ) Щэхъкий** сымэ къаІущІащ. ХьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ мэрием щызэхуэзащ, щызэпсэльащ, къуажэм дэлъ Іуэхуэм, адыгабзэр егъэджэным теухуэуэ щыІэ щытыкІэм, хэкум зыкъыІэзэрыпадэтым. Аизр хуэзащ посольствэм и апэ секретарь **Барковский Леонидрэ** Урысей щэнхабзэ центрым и унафэщІ **Зайчиков Вадимрэ**. ЕтІуанэ махуэм Сэхъурокъуэр зи пашэ гупыр Иорданием и Сенатым щыІащ, абы и тхьэмадэ **Абду-Раіуф Рауабде** хуэзащ, шэджагъуэ нэужькІэ ахэр ираГъэблагъащ Амман и мэрием и унафэщІ **Бельтаджи Акель**.

А махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм Хэкужьым икІа лЫкІуэхэр игъэхьэщІащ Иорданием и пащтыхьыкъуэ **Алий Бин ал-Хъусейн**. ДАХ-м и лЫкІуэхэм я мурад

● Грантхэр - текІуахэм

Программэ хэхахэм тету

Я хозяйствэхэм зрагъэужьын папщІэ Бахъсэн щынальэм и фермер 18-м грантхэр ираташ. Абыхэм ящыщу 16-р щІэзыдзагъашІэщ, 2-р унагъуэ Іэщ фермэщ.

«2015 - 2017 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и фермер щІэзыдзагъащІэхэр зэрыдаІыгъыну», «Мэкъумэщыщ» (фермер) хозяйствэхэр я лъабжьэу, 2015 - 2017 гъэхэм КъБР-м унагъуэ Іэщ фермэхэм зэрызыщрагъэужьынур» программэ хэхахэм ахэр щытекІуащ.

Хуэхаа мылькумкІэ мэкъумэщ техникэ, Іэмэпсымэ, Іэщ къащэхунущ, псэуалъэхэр яухуэнущ, зэрагъэпэщыжынущ.

Фермерхэм илъэсрэ мазитхум, унагъуэ фермэм зезыгъэужьхьэм илъэситІым къиурыбдзэу проектхэр ягъэзэщІэн хуейщ.

АРУАН Алий.



Тепщэгъуэр фІэкІуэдынущ

Урысеймрэ Китаймрэ яужь итщ езыхэм щхьэхуэу дыщэ щащэну щІынальэхэр къагъуэтыну. АпхуэдизкІэ хъумэ, Иньжьзымрэ США-мрэ яхуэзэфІэкІыжьынукъым а металл лъапІэм и уасэхэр езыхэр зэрыхуейм хуэдэу ягъэувыну.

Нью-Йоркрэ Лондонрэ я биржэхэм дыщэм и уасэ дыдэр ягъэлъахъшэ, долларым и кьарур ирырамыгъэудыхьын папщІэ. Американ экономист Энгдал Уильям кьелъытэ мыгувэу долларым дунейпсо тепщэгъуэр фІэкІуэдыну. Мы гъэм и апэ мазитхум Урысейм хуэдизкІэ хигъэхьауэ дыщэу щІым къыщІихьым икІи ар пэгъунэгъу хъуащ дыщэкІэ сомыр щигъэбыдэфыным.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, Китаймрэ Урысеймрэ япэ, ещанэ увыпІэхэр яІыгъщ дыщэ къыщІэхьн и лъэныкъуэкІэ. Нэхъапэм мыбдеж щыпашэу щыта ЮАР-р еблана увыпІэм нэскІэ ехащ.

ЗэфІэувэ щытыкІэщІэм хуабжьу тогузэвыхь США-м и финанс Іуэхущ Іапхэр.

Пэжымрэ пцІымрэ

Немцов Борис езыгъэужкІам лІыкІым авансу сом мин 500 ираташ, къыташ «Росбалт» агентствэм хабзэхъумэ Іуэхущ Іапхэр тегъэщІапІэ ищІырэ.

ЗэрыжаІэмкІэ, абыкІэ зиумысижащ оппозиционерыр зэриукІамкІэ нэхъыбэу ягъэкъуанш Дадаев Заур. Щыбыдам абы къыкъуахащ сом мини 100. Следствэ комитетым и лэжьакІуэхэм кьалъытэ а ахъшэр аванслым щІэтащ Іэкъуэу Дадаевым. Арщхьэкіэ Дадаевым и уэчыл Цакаев Шамсудин езыр къызыщхьэщыжьым сом мин 500 кьратауэ ягъэхьабарыр пцІыуэ кьилъытащ, кьыхэгъэщхьэхукІ «Интерфакс» агентствэм.

ИлэлъэкІэ Дадаевым зиумысижат щІэпхъаджагъэм хэта цІыхуищым ящыщу дэтхэнэми сом мелуани 5 кьратыну кьызэрагъэгъгъамкІэ. Арщхьэкіэ иужькІэ ар идэжакъым, кьытракъызэуэ, залымыгъэкІэ пцІы зытырагъэлъхьэжауэ жиІэри.

И гъусэхэр игъэбелэрыгъри...

Хабзэхъумэхэм Санкт-Петербург къыщалъхьуэ «Открытие» банкым ахъшэшхэу щидыгъуауэ зыхуагъэфащэ инкассаторыр.

Банкым и броневикыр тыкуэхьн Іухьа иужь, зыи и гъусэхэм яжриІащ инкассацэ Іэхум яужь итыну, апщІондэхкІэ езым кьыхаха ахъшэр иязмэну. Арщхьэкіэ я лэжьыгъэр ягъэзащІэу адрейхэм кьыщагъэзэжам, я гъуса хьумакІуэри ипэІуэкІэ зыхуахьэса сом мелуан 31-ри ягъэтыжакъым.

Зы жэщ-махуэм щІигъукІэ

Индием щыщ Бенгалие Къухьэпіэ штатым и полицэм зы жэщ-махуэ псо тригъэкІуэдащ щІыпІэ кьулыкъущІэм езым и унэм и щІыпІэ псоми щигъэпщкІуа ахъшэр къэлъыхъуэныным. Инженерым и дэІэпыкъуэгъу нэхъыщІэр щІыпІэ администрацэм илъэс 25-рэ хъуауэ щылажьэрт. И улахэрэ зэрыхъур доллар 700-м нэблагъэ къудейт. Ар яубыдащ Іулъхъэ къыщыІихьым.

Псори зэхэту инженерым и унэм доллар мелуани 3,2-рэ кьыщагъэуэтащ. ХъыбарегъащІэ агентствэхэм къызэратамкІэ, кьулыкъущІэм кьипщытэрт унэхэр зэрахуэм и фІагъыр.



♦ЩІалэгъуалэм и республикэ хъьэмахуэ щІыхьэху 1941 гъэм КъБАССР-м щрагъэкІыжащ. Абы и фІыгъэкІэ Зыхъумыжьныгъэм и фондым сом мини 300-м щІигъу халъхьащ.

♦1600 гъэм кьалъхуащ нэмыщІ дипломат, адыгэхэм тетхьихьа **Олеарий Іэдэм**. ♦Къэрал лэжьакІуэ, генерал-лейтенант, УФ-м и МВД-м щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ **Ещыгуауэ Руслан** 1949 гъэм кьалъхуащ.

♦1957 гъэм кьалъхуащ мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, прунжьмкІэ АНТЦ-м и унафэщІ **Хъурым Хьэзрэт** (Адыгей).

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29-м, жэщым градус 19-м нэсынущ.

Зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Улажьэмэ, лыжь пшхынщ.

● Дзэлыкъуэ щІынальэ

Хъушэхэр зэтоувэж

Мы зэманым Дзэлыкъуэ щІынальэм Іэщышхуэу мин тхущІрэ зыгъэ щитІым щІигъу щаІыгъщ. Зы илъэсым къриубыдэу абыхэм щифІым нэс къахэхъуащ. Ар и фІыгъэщ мэкъумэш предприятэхэр Іэщ гъэкІуэнум зэрытегушхуэм, а ІэнатІэм зегъэужьыным гулъытэ нэхъыбэ зэрыхуащІым.

МЭЛ ХЪУШЭХЭРИ ягъэбагъуэ. Иджыпсту абыхэм я бжыгъэр зэ мин 81-м щІегъуэ. Уней подсобнэ хозяйствэхэм яйр 6170-м нэблагъэ, КФХ-мрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ 26680-м нэс зэрахъэ.

ЩІынальэ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и кьудамэм и Іэщіагъэлэхэм кьызэрагъэлъэгуамкІэ, шы гъэхъуным и Іуэхуэр зэтоувэж. Нобэ ирихьэлІэу абыхэм я бжыгъэр 3733-м нагъэсыжащ. Унагъуэхэм кьадэкІуэу, фермерхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ джэдкъаз ягъэхъу, Іэщіэвыщіэ ягъашхэ.

Апэ мазихым районым и хозяйствэхэм былымылу, мэлылу, джэдкъазылу центнер 36530-рэ, гъэшу центнер мин 388-рэ яхущІащІэжьащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм яхуэзэфІэкІам куэдкІэ щІегъу.

ХЬЭЖЬІКЪАРЭ Алик.

Стипендие хэха хуагъэфащэ

● Зэпеуэ

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэпеуэм хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым Экономикэмрэ управленэмкІэ и институтым щеджэхэмрэ Сервисымкіэ, туризмэмрэ дизайнымкіэ Псыхуабэ дэт и кьудамэм щІэсхэмрэ. ТекІуауэ кьалъыта цІыхуипщым стипендие хэха иратынущ.

«ЗЭХЬЭЗЭХЭР щедгъэкІуэкІар зыгъэпсэхупІэщІэхэм дяпэкІэ щылажьэ хъуну ІэщіагъэлІхэр щагъэхьэзыр факультетхэращ, - жиІащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м и унафэщІым и кьуэдзэ Вильк Святослав. - Кавказым хьэщІэ зэрищІасэр къэгъэлъэгъуэныр, ар Урысейм, адрей кьэралхэм щыпсэу цІыхухэм я нэгу щІэгъэкІыныр ди лэжьыгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэмкІ зыщ. Гъэ еджэгъуэщІэм стипендие хэха зэтпнуэхэр щыпсэхэдгъэкІа зэпеуэм хэдгъэхьар фІы дыдэу еджэ студентхэращ. Абыхэм ящыщу япэ идгъащар, «ХьэщІэр зи щІасэ Кавказ» унэтІныныгъэр зи тегъэщІапІэ проектхэр зи Іэдакъэщ Іэкіэхэращ».

ТекІуэнухэр щагъэбелджылым, япэщІыкІэ гъэ еджэгъуэр ехъулІэныгъэкІэ кьэзыухахэм ящыщу цІыху 18-м кьытеувыІащ. ИтІанэ абыхэм, олимпиадэхэм, нэгъуэщІ зэпеуэхэм бжыпэ кьащыщыхьахэмрэ щІэныгъэ лэжьыгъэ зиІэхэмрэ ящыщу цІыхуипщІ кьыхахьжащ.

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м иригъэкІуэкІа зэхьэзэхуэм щытекІуахэм стипендие хэха гъэ еджэгъуэщІэм и кІыхьагъкІэ зэрыратынумкІэ сертификатхэр Іэщіалъхьащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Налшык

Гъэ еджэгъуэм зыхуагъэхьэзыр

Налшык дэт еджапІэ Іэнатіэхэмрэ сабий гъэсапІэхэмрэ гъэ еджэгъуэщІэм зэрыхуагъэхьэзырар къапщытэ.

КЪАЛЭКІУЭЦІ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэм мы зэманым ирихьэлІэу курыт школу 70-м нэсым я Іуэхур зытетым зыщагъэгъуэзащ. Абыхэм къапщытащ къабзагъэр, мафІэсымрэ щІэпхъаджагъэмрэ зэрызыщахъумэну Іэмалхэр, инженер-коммуникацэ хуэІухуэщІэхэр, ремонт-лъабжьэхэр. ЕджапІэхэр гъэ еджэгъуэщІэм зэрыхуэхьэзырыр къэзыгъэнаІуэ дэфтэрхэри ятх.

ЕгъэджэныгъэмкІэ департаментым, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ кьалэр зэІуэзэпщ щІынымкІэ Іуэхущ Іапхэм, «Роспотребнадзор»-м КъБР-м щиІэ кьудамэм, мафІэсым пэщІэтынымкІэ кьупкьуэм я лэжьакІуэхэр, ремонт ирилъхьэхэр. ЕджапІэхэр - 2016 гъэ еджэгъуэм Налшык и Іэнатіэхэр процент 95-кІэ хуэхьэзырщ.

Ремонт лэжьыгъэ псори щыщхьэуІум и 25-м ирихьэлІэу зэфІагъэкІынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Футбол

Псори фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ищхъэ» гуп.

Етхуанэ джэгуГъуэ
«Спартак-Налшык» - МИТОС (Новочеркасск)
Налшык. «Спартак» стадион.
Щыщхьэуіум и 18.
Сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м.

Бахъсэн муниципальнэ щІынальэм хыхьэ Жанхъуэтекъуэ къуажэм и щІынальэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Бахъсэн муниципальнэ районым хыхьэ Жанхъуэтекъуэ къуажэм унагъуэ псэущхьэм хьэщхьэрыІуэ уз къызэрыщеуэлІам къыхэкІыу, «Ветеринарием и Іуэхукіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон № 4979-1-м и 17-нэ статьям ипкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм 2015 гъэм шыщхьэуІум и 13-м №38/УБ-570-м щІэту къыгъэхьа тхыгъэм тету, хьэщхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдын мурадкІэ:

1. Бахъсэн муниципальнэ районым хыхьэ Жанхъуэтекъуэ къуажэм щыщ Іыхьэу Заречнэ (унэхэу №15 - 56-хэм) Пролетарскэ (унэхэу №41-99-хэм) узрамхэм я зэхуакум хиубыдэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) махуэ 60 пІалъэкІэ щыгъэувын.

2. Карантиным и зэманым къриубыдэу мы Унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэлъэгъуа щІынальэм унагъуэ псэущхьэхэр кьрашыну е а щІыпІэм унагъуэ псэущхьэхэр щащэну хуиткъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм хуэгъэувын хьэщхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдыныя теухуа Іуэхуэр Бахъсэн муниципальнэ районым и щІынальэ администрацэм щыгъэуІуэн хуитыну.

4. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм шыщхьэуІум и 14-м
№100-РГ

Инфекцэр къыщыхъеа щІыпІэм - Іуащхьэмахуэ районым хиубыдэ Эки-Ара уэхым и щІынальэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Іуащхьэмахуэ районым хиубыдэ Эки-Ара уэхым и щІынальэм лІаУэ къыщыгъэуэта мэзыкхъуэм къъуэхэм я африкэ тало узым и вирусым и геном и лъым хэту къызэрыщІэкІам къыхэкІыу, «Ветеринарием и Іуэхукіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям тету икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм 2015 гъэм шыщхьэуІум и 14-м №38/УБ-581-м щІэту къыгъэхьа тхыгъэм ипкъ иткІэ, къъуэхэм я африкэ тало узыр гъэкІуэдын мурадкІэ:

1. Инфекцэр къыщыхъеа щІыпІэм - Іуащхьэмахуэ районым хиубыдэ Эки-Ара уэхым и щІынальэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэувын.

2. Карантиным и лъэхъэнэм къриубыдэу къащэкІуа псэущхьэхэр мы Унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэлъэгъуа щІынальэм ирашыну хуиткъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм хуэгъэувын къъуэхэм я тало узыр гъэкІуэдынымкІэ зыхуэфащэ Іуэхуэр Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІынальэ администрацэм щыгъэуІуэн зэхилъхьэу игъэзэщІэну.

4. Мы Унафэм ипкъ иткІэ зигъэува мардэ пыухыкІахэр (карантиныр) щыІэнущ, ахэр а щІынальэм зэрыщІэщхьэщхьыжьым теухуа унафэ къыдэкІыхьу.

5. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм шыщхьэуІум и 14-м
№101-РГ

Ди къуэш республикэхэм

Мэжджыт яухуэнущ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и президент Хаджимбэ Рауль жиІащ Абхъазым мэжджыт щыухуэным теухуа Іуэхур убзыхун хуейуэ.***

- МЭЖДЖЫТ ухуэн хуейуэ жызыІэхэм а Іуэхур ядыдоІыгъ, абы хуэкІуэн щІыпІэ къыхэхьан хуейщ,- щыжиІащ президентым Правительствэм хэтхэмрэ щІынальэ администрацэхэм я унафэщІхэмрэ я зэІущІэм.

Мыр зи жэрдэмыр Очамчыр район администрацэм и Іэтащхьэ, хэкум къэзыгъэзэжахэм я Іуэхуэхэмкіэ къэрал комитетым унафэщІу нэхъапэм щыта Джопуэ Хрипсщ.

- Хамэ къэралхэм къикІыжу я адэжь щІынальэм къзызыгъэзэжа ди лъахэгъуэхэр илъэс 20-м щІигъуауэ Абхъазым щопсэу. Мызэ-мытІэу властхэм зыхуагъэзат мэжджыт ухуэным теухуауэ. Абыхэм я дежкІэ ар мыхьэнэшхуэ зиІэщ икІи, щыІ хухахмэ, мэжджытыр езыхэм я кьаркІэ зэфІагъэувэну хьэзырщ, - пищащ администрацэм и Іэтащхьэм.

Урыс-Кавказ зауэм и зэранкІэ абхъаз мини 100-м щІигъу Тыркум, Сирием, Иорданием кьыщыхутауэ щытащ. Мы зэманым абхъаз мухьэжырхэм я щІэблэхэр къэрал 45-м щопсэу.

Черкесск и махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Фокіадэм и 7-м Черкесск илъэси 190-рэ зэрырикъур ягъэлъэпІэнущ. Абы ирихьэлІэу къызэІуахынущ Къэрэшей-Шэрджэсым и щыхьэрым щыхь зиІэ и щыхуэхэм я аллее.***

- КЪАЛЭМ и уху́нысыгъэм, абы и зыужьныгъэм зи гуащІэ езыхьэлІа, Черкесск и зэІузэпэщынысыгъэм хэлъхьэныгъэ пыухыкІа хуэзыщІахэр дэ тщыгъупщэркъым. Къэрэшей-Шэрджэсым и кьалащхьэм щыхь зиІэ и щІыхуэхэм я аллее кьыщызэгъэпэщынымрэ теухуа унафэ щыІэщ, - жиІащ республикэм и щыхьэрым и Іэтащхьэ Тамбиев Руслан.

Махуэшхуэм теухуа дауэдапщэхэм хэтынущ кьалэм и щэнхабзэм, спортым, экономикэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хуэмэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, пщІэ зыхуащІ щІыхуэхэр.

Сом мелуани 6-м щІигъу хухах

АДЫГЕЙ. ***Щыхуэм зэ тыгъуэ мылъкукІэ защІэгъэкъуэнымкІэ комиссэм илъэсыр къызэрихьэрэ унагъуэ 467-м республикэ бюджетым къыхэкІыу сом мелуани 6-рэ мин 295-рэ хухихащ.***

КОМИССЭМ и зи чэзу зэІущІэм щІыхуэхэм зыкъыІэзэрыхуагъэза лъэІу 44-м щыхэплъащ. Абыхэм сом мин 696-рэ Іэрагъэхьэнущ.

Адыгэ Республикэм Гъэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм къызэритымкІэ, зэ тыгъуэ ахъшэр хухах мафІэсым, къэхъуькъащІэхэм я зэран зэкІахэм, республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и тхылъкІэ зи узыншагъэм езыгъэІэзэну нэгъуэщІ щІыпІэ кІуэн хуейжэм, хэхъуэ зимыІэ, Іэмал имыІэу зи псэупІэр зэгъэпэщыжьын хуей унагъуэхэм, узыфэ хьэлъэ зыпкърытхэм хущхъуэхэкІэхэр кьащэхун, я узыншагъэм кІэлъагъэплъын папщІэ, зэрыщІэхуэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Налшык

Гъэ еджэгъуэм зыхуагъэхьэзыр

Налшык дэт еджапІэ Іэнатіэхэмрэ сабий гъэсапІэхэмрэ гъэ еджэгъуэщІэм зэрыхуагъэхьэзырар къапщытэ.

КЪАЛЭКІУЭЦІ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэм мы зэманым ирихьэлІэу курыт школу 70-м нэсым я Іуэхур зытетым зыщагъэгъуэзащ. Абыхэм къапщытащ къабзагъэр, мафІэсымрэ щІэпхъаджагъэмрэ зэрызыщахъумэну Іэмалхэр, инженер-коммуникацэ хуэІухуэщІэхэр, унащхьэр, ремонт лъабжьэхэр. ЕджапІэхэр гъэ еджэгъуэщІэм зэрыхуэхьэзырыр къэзыгъэнаІуэ дэфтэрхэри ятх.

ЕгъэджэныгъэмкІэ департаментым, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ кьалэр зэІузэпэщ щІынымкІэ Іуэхущ Іапхэм, «Роспотребнадзор»-м КъБР-м щиІэ кьудамэм, мафІэсым пэщІэтынымкІэ кьупкьуэм я лэжьакІуэхэр, ремонт ирилъхьэхэр. ЕджапІэхэр - 2016 гъэ еджэгъуэм Налшык и Іэнатіэхэр процент 95-кІэ хуэхьэзырщ.

Ремонт лэжьыгъэ псори щыщхьэуІум и 25-м ирихьэлІэу зэфІагъэкІынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

И ІущІэгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм шыщхьэуІум и 14-м
№100-РГ

Мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм 2014 - 2016 гъэхэм лышхуэ зыщІ Іэщ лъэпкъхэр гъэхъуным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщрагъэужьын папщІэ субсидиехэр зэрыхухах хабзэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м ***Налшык къалэ*** ***№148-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

Мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм 2014 - 2016 гъэхэм лышхуэ зыщІ Іэщ лъэпкъхэр гъэхъуным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщрагъэужьын папщІэ субсидиехэр зэрыхухах хабзэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 18-м якыдигъэкІа унафэ №270-ПП-мкІэ къищтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1) пункт 6-р мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«6. Субсидиехэр хухахын папщІэ мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм мы къыкІэлъыкІуэ документхэр Министерствэм ират:

а) субсидиехэр хухахын папщІэ лъэІу тхылъ, мы Хабзэхэм я гуэдзэн №21-м щыІэбзыхуа формэм тету;

б) ахъшэр зытекІуэдзнур къыщыгъэлъэгуэ справкэ, мы Хабзэхэм я гуэдзэн №2-м щыІэбзыхуа формэм тету (щхьэхуэщхьэхуэу федеральнэ бюджетым и субсидиехэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и субсидиехэмрэ ятещІыхьауэ);

в) налогхэмрэ кьинэмыщІу ятын хуэй ахъшэхэмкІэ щІыхуэ зэратемылъым теухауэ документхэр щатым ятэкІэ махуэ 30 нэхърэ мынэхъыбэм кьриубыдэу Налогхэмкіэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм зыхуэфащэ и инспекцэм къарита справкэр;

г) Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым халъхьэ страховой взносхэмкІэ щІыхуэ зэратемылъым теухауэ документхэр щатым ятэкІэ махуэ 30 нэхърэ мынэхъыбэм кьриубыдэу Къэрал Іуэхущапі эм - Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и Іуэхущапі эу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм зыхуэфащэ и къудамэм къарита справкэр;

д) субсидиехэр ягъэхьын папщІэ урысей кредит Іуэхущапі эм расчетнэ къыщырыщІэзІуахамкІэ хъыбарегъащІэ тхылъ е нэгъуэщІ документ (е документым и копиеу субсидиехэр зратынум Іэ зыщІидзар), мэкъумэш продукцэ къэзылэжьым банкым щиІэ реквизитхэр къыщыгъэлъэгъауэ;

е) субсидиехэр къратын папщІэ лъэІу тхылъыр щатым ятэкІэ махуэ 30 нэхърэ мынэхъыбэ зэманым хиубыдэу ЕГРИП-м (ЕГРЮЛ) къыхатхыкІар;

ж) лышхуэ зыщІ быдыму е быдым тумэу къащэхум и бжыгъэр къыщыгъэлъэгъуа справкэ, мы Хабзэхэм я гуэдзэн №3-м зэрыщыубзыхуам тету, апхуэдэу щэнкъащэхуным пыща документхэм (Іэщыр зэрызэІэпахамкІэ актым, ветеринар тхылъым, къащэхуа Іэщ гупым я ведомостым) я копиехэр. Документхэр щат махуэм ирихьэлІэу Іэщыр кьаІэрымыхьамэ, щэн-къащэхуным пыща документхэр кьат хъунущ лышхуэ зыщІ Іэщ лІэужьыгъуэхэмрэ Іэщ тумэхэмрэ ящыщ жэмхэр (жэмыщІэхэр) кьаІэрыхьа нэужь, ауэ а Іэщыр къыщашам щегъэжьауэ махуибл нэхърэ нэхъыбэ дэмыкІыу;

з) езыхэм я мылъкуу Іэщ псэуалъэхэр зэрапІам щыхьат техъуэ документхэм я копиехэр, уполномоченнэ органым и мыхъуркІэ щІэгъэбыдауэ;

и) мэкъумэш щІапІэу щыт щІы Іыхьэ къагъэсэбэпыну хуитыныгъэ зэрапІам щыхьат техъуэ документхэм я копиехэр, апхуэдэу мэкъумэш щІапІэу щыт щІыхэр зэщІыгъуу къэгъэсэбэным теухуа зэгурыІуэныгъэу мэкъумылэ кьэлэжьымкІэ хэкІыпІэхэр зэрыщІэр къыщыгъэлъэгъуахэм я копиехэр, уполномоченнэ органым и мыхъуркІэ щІэгъэбыдауэ;

к) Іэщ къызэрадахуамкІэ зэгурыІуэныгъэхэм я копиеу лышхуэ зыщІ Іэщым е Іэщ тумэм щыщ жэму (жэмыщІэу къыхуашам я уасэм и процент 25-м нэхърэ мынэхъ мащІэр зэрыратам щыхьат техъуэ пэублэ бухгалтер документхэр зыщІыгъуэхэр, уполномоченнэ органым и мыхъуркІэ щІэгъэбыдауэ.

Мы пунктым и «в», «г», «е» пункт къуэдзэхэм къыщыгъэлъэгъуа документхэр мэкъумэш продукцэ къэзылэжьым езым и жэрдэмкІэ кьимытамэ, ахэр къыІахьи папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэр, Налогхэмкіэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр, Къэрал Іуэхущапі эр - Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и Іуэхущапі эу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр зыхуэфащэ мэжведомствэхэм щыщІэупщІэ.

Документхэр зыхуэфащэ номерхэр тету икІи зэкІэрыдауэ къагъэхьын хуейщ.»;

2) пункт 12-м абзац дэщІыгъужьи мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«Мы Хабзэхэм я пункт 6-м къыщыгъэлъэгъуа документхэр мэкъумэш продукцэ къэзылэжьым Министерствэм игъэхъ хъунущ:

«Къэрал, (е) муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр кьрагъэщІэн папщІэ зыхуей лъэІу тхылъхэмрэ адрей документхэмрэ электрон теплъэ яІэу зэрагъэхьэзырым и Іуэхущапі эу» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м якыдигъэкІа унафэ №553-м къыщырыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, электрон теплъэ яІэу;

пощткІэ, зэрапІэрыхьамкІэ хъыбар кьрагъэщІэжу;

Кьэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэм (къалэхэм) я Портал зэгуэтым (www.gosuslugi.ru) ираукьэ.»;

3) пункт 15-м мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«15. Мы Хабзэхэм зэрыщыубзыхуам тету субсидиехэр ятынымкІэ къагъэувэр, ахэр зыхуэфащэхэм зэрырат щыкІэр, къызэрагъэсэбэпыну мурадхэр зэрагъэщІэм иджырей законодательствэм къигъэув полномочиехэм кьриубыдэу кІэлъоплъ министерствэмрэ къэрал финанс къэпщытэныгъэмкІэ органхэмрэ.»;

4) пункт 16-м абзац дэщІыгъужьи мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«Субсидиехэр тынымкІэ зэгурыІуэныгъэхэм (договорхэм) апхуэдэу къыщыгъэлъэгъуамэ, субсидиехэр кьеІыхьэным хиубыдэ финанс илъэсым субсидиехэм ящыщу кьимыгъэсэбэпауэ къэнам зэрыт финанс илъэсым кьриубыдэу ирегъэгъэзэж.».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м ***Налшык къалэ*** ***№483-рп***

2015 гъэм мэкъауэгъуэм и 18-м Шэджэм муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм къигъэхьа тхыгъэ №555-1.19/1744-м тету, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур зэрызэрахьэм и Іэхуэкіэ» 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №70-РЗ-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэжр муниципальнэ мылъкум зэрыхахьэхээ, муниципальнэ мылъкум хиубыдэжр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум зэрыхагъэхьэ щІыкІэм и Іэхуэкіэ» 2002 гъэм гъатхэпэм и 2-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №15-РЗ-м япкъ иткІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум къыхагъэкІыу пщІэншэу Шэджэм муниципальнэ районым и мылъкум хэгъэхьэн промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевиденэм, информатикэм папщІэ щІыхэм, космосым щылэжьэныр къызэгъэпэщыныкІэ щІыхэм, зыхъуэмэжыныгъэм, шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщын папщІэ щІыхэм, нэгъуэщІ мурад хэхахэм тету къагъэсэбэп щІыхэм хиубыдэ щІы Іыхьэу метр зэбгуэзнатІэ 45004-рэ хъур, 07:08:2500000:732 кадастр номер яІэр, Шэджэм районым щыщ Щхьэлыкъуэ къуажэм и гъунапкъэм метр 500-кІэ пэжыжьэу ищхьэрэ-къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щыимрэ мылъкуэмрэ я Іуэхущапі эмкІэ и министерствэм хуэгъэувын мы Унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щІы Іыхьэр зэІэпахынкІэ къызэрэпэщыныкІэ зыхуэфащэ юридическэ Іуэхущапі эр зэфІигъэкІыну.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэ
ДАДЭ МуІэед

Хэхэсхэм я щІэблэм ди деж зыщагъэпсэху

Хамэ къаралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм хэкум хуаІэ пыщІэныгъэр нэхъ куу щыным, абыхэм бзэр егъэщІэнымкІэ иужьрей зэманым лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ. Ар и фыгъэщ хэкурыс-хэмрэ хэхэсхэмрэ нэхъ зэкІэлъыкІуэ. Іэпэ Іэбэр зэрыхъуам. Хэкужьым и Іэфіыр зэ зыхъэзыщІэхэм къытрагъэзэж. Бжьым гъэгъам фо къызэрыпихым ещхьыркъабзэу, дахагъэ, Іэфіыгъэ куэд зэщІашэ абыхэм. А щхьэусыгъэрщ илъэситі хъуауэ Иорданием, Пыркым къикІа сабийхэр ди деж зыгъэпсэхуакІуэ къыщІашэр. Мы гъэми ныбжьыщІэхэр щхьэантІагъэм и Іэмыщ Іэм ису «Грушевая роща» зыгъэпсэхупІэм щІэсщ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Граждан жылагъуэ Іуэхущапі эхэм ядэлэжьэныр лъэпкъ Іуэхуэхмкіэ и управленэм Хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я Іуэхуэхмкіэ и къудамэм и унафэщІ **Дзасэжь Анзор** къыдэзрыджИамкІэ, Іуэху дахэм лъабжьэ хуэхъуар Иорданием щыІэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм ди республикэм и Іэтащхьэм и щІэкІэ къитха письморщ. Абы итт нэгъабэ ди щІыналъэм къагъэкІуа сабийхэм хуабжьу ар кІуэ зэрырихьар, Іэмал щІэІэмэ, мы гъэми къэкІуэну зэрыщІэхъуэпсыр. Абы трагъэкІуэдзнур хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм худиІэ пыщІэныгъэр хуэмэным, абы зегъэужьыным хуэгъэпса программэ гуэдзэныжьэ республикэ бюджетым къыщыльытат.

Псори зэхэту ныбжьыщІэхэр 92-рэ мэхъу, абы щыщу Иорданием 41-рэ, Пыркым 18 (балъкъэрхэм я щІэблэ), Осетие Ищхьэрэ-Аланием хыхьэ Мэздэгу щІыналъэм 33-рэ къикІащ. Сабийхэр ди республикэм къызэрыкІуэрэ Лъэпкъ музейм, Шэджэм псы кьелъэхэм, Гуэл щъуантІэм, гукъыдэж эиІэхэр мэжджытым яІащ. КъызэгъэпэщакІуэхэм я мурадщ ныбжьыщІэхэм къалэр ирагъэлъагъуну, «Сосрыкъуэ» рестораным и Іэгъуэблагъэхэм зыщрагъэлпІыхьыну, ХьэрІохъущхьэм и жыг хадэм къыщыгъэкІухьыну, Іуащхьэмахуэ лъапэ яшэну. Анэдэлъхубзэр е урысыбзэр ящІэу гупым хэтыр мащІэщ, абы къыхэкІыу махуэ кьэс адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмкІэ дерсхэр драгъэкІуэкІ. Езы ныбжьыщІэхэм ахэр яфІэгъэщІэгъэуну, нэхъыбэ къащІэмэ я Іуапэу макІуэ. Абыхэм ящыщ зыбжанэм дэ захуэдгъэзащІ:

Иорданием кьыкІэ гупым я унафэщІхэм ящыщ **Мэтіыхъу Фаидэ** Иорданием щылажьэ Адыгэ Хасэм хэтщ:

- Хэкужьым япэу сыкъакІуэу аращ, щІыпІэ куэдым зыщыгтпІъыхьащ, зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэщи, пльэмыкІыу уатхьэкъу. Псом хуэмыдэу догъэщІагъуэ кІэ зимыІэ щхъуантІагъэр. Адэжь Хэкур ди нэгу кьызэрыщІэдгъэхъэм нэхъра нэхъ дахэжщ. А псор дэзыгъэпъэгъуэхэм ия жэрдэм зыщІахэми фІыщІэ ин яхуэсщІыну сыхуейт, мыбы кьэтша сабийхэм ар зэи ягу ихужьнукъым, пщІыхьапІэ дахэм хуэдэу зыхуэзэм жраІэж, псэуху я гум Іэфіу илъынущ хэкум и теплъэр, цІыхухэр. Нэгъабэрэй зэхьыхьэм щыІауэ ныбжьыщІитху къытхэтщ. Абыхэм гъэ кІуэм яльэгъуар апхуэдизкІэ ягу ирихьати, щІэпъэІури, етІуанэуи къытрагъэзэжащ. Ди нэгу зэрызрагъэужьым къищынэмыщІауэ, бзэри зыдогъащІэ, ар хуабжьу сэбэпщ. СыщогуфыкІ езыр-езыру мащІэу анэдэлъхубзэкІи си гъусэхэр зэпсалъэу щызэхэсхкІэ.

Ридэ Инал *Иорданием щыщщ, илъэс 14 мэхъу, Амман щопсэу,*

Алий Бин ал-Хъусейн и цІэр зезыхьэ школым щоджэ.

- Урысыбзэр зэрысщІэм и фыгъэкІэ, мы зэІуущІэм сыкъагъэкІуащ. Гъуэгу дытетыху тльагъуэ зыщыдмыгъэнщІу зыдоплъэхь, щІыпІэм и дахагъыжьрэ цІыхухэм я гуапагъымрэ кьыпхуэмыІуэтэным хуэдэщ. ХэубдыкІаУэ зы щІыпІэ кьысхухэгъэщынукъым, мы щІыналъэр зыгъэдахэр куэдщ. Си ныбжьу, сэ нэхърэ нэхъыжьу ныбжьэгъу куэд зэзгъэпэщащ, адыгэбзэ тІэкІу сщІэрти, иджы нэхъыфІыжу зэзгъэщІауэ сыкІуэжынущ. Сыхуейщ иджыри мы щІыналъэм къытезгъэзэжыну - мыбы кьару гуэр хэлъу узэщІешэ, зэкІэ схужьІэнукъым ар зищІысыр. Щхьи хэлтыхьакІэ, щІэщыгъуэ защІэкІэ дагъашхэ, адрей си ныбжьыгъуэм а ерысыкъэхкІэр ямыщІэми, сэ псоми сыщыгуаззщ, си анэм адыгэ шхыныгъуэщ тхупщафІыр. Сльэгъуамрэ сызыхэта Іуэху дахэхэмрэ сынэсыжу си адэанэм, си ныбжьэгъу цІыкІуэм яхуэсІуэтэжыну соПащІэ. Шэч хэлъкъым абыхэм си хэкур ягу зэрырихьынум.

Хьэтіохъу Тарик *Иорданием щыщщ, илъэс 12 мэхъу:*

- Сыгуэвзу гъуэгу сыкъытехьами, сыхущІегъуэжакъым. Мыбы щыпсэуэхэм хуабжьу сохъуапсэ, телъыджэ гуэру таурыхъэм къыщыгъэлъэгъуа щІыпІэхэм ещхьщ. Іэмал сиІэмэ, иджыри куэдрэ, куэдрэ къытезгъэзэжнущ сэ мы таурыхъ щынальэм. Махуэ къэс щІэ, щІэщыгъуэ гуэр дагъэльагъу. СогъэщІагъуэ мыбы щІыпІэ хэхаУэ, дахэу иІэр. ЦІыху яхъ кьиин дыдэми и гур щигъэтІылъын щІыпІэ къыщыгъуэтынущ Хэкужьым. Гъуэгуанэ къэткІуам ныбжьэгъу куэд къэзгъуэтащ. Адыгэбзэм щыщ псалъэ зыбжанэ си гум изубыдащ, хуабжьу гуфІэнщ си адэ-анэр, ахэр къэспсэлъу зэхахмэ.

Хьэлащтэ Ларэ *Амман щопсэу, илъэс 15 мэхъу:*

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр сигу зэрырихьыр псалъэ куэдейкІэ къэслуэтэныр сфІэмащІэщ. СымыкІуэж щІыкІэ къэзгъэзэжа зэрыхъуну Іэмалым согупсыс. ЦІыхухэр гуапэщ, щІыпІэр дахэщ. Дыкъэезгъэблэгъахэм сыт и лъэныкъуэкІи ди нэгу зэрызагъэужьыным яужь итщ, дэ гупышхуэ дохъури, зы цІыхуи гулъытэншэ дащІыркъым. Ди гупым и унафэщІу кьежьам ар адыгэ хьэлу жеІэ, сэри сыхуейщ адыгэ хьэл куэд къэсщтэну. Бзэр зыдогъащІэ, къэпсэлъыкІэр тфІэгъэщІагъэну зэпыдзыжу дыдэтщ, зым адрейр къыдопащІэт. Иджы къызгурыІуащ «Хэку» щІыжкІэр, абы ди нэхъыжьхэр кьыхуеІэу щІэпсэур. СыкІуэжмэ, Хэкужьым и хъыбар нэхъыжьхэми нэхъыщІэхэми яхуэсІуэтэжынущ, ар нэхъ дахэу жысІэжын папщІэ псалъэ хэпльыхьахэм сольыхъуэ. Адэжь Хэкум апхуэдэ защІэщ хуэфащэр. Сохъуапсэ мы щІыпІэм щыпсэухэм, я анэдэлъхубзэкІэ щызэпсалъэу, аддэ хъыбарыжьхэм кьыхэщ хабзэр зэрахьэу, абы тету псэухэм. Шэч хьылъэ кьытесхьэркъым иджыри куэдрэ сыкъыІэзрыкІуэнум.

Дидан Хъурия *Иорданием щылажьэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм хэтщ:*

- Сабийхэм Адэжь Хэкур ирагъэлъагъуну, хабзэ дахэхэр, адыгэм и дунейр ирагъэщІэну дыкъагъэкІуащ. Ар уигу иримыхьынкІэ Іэмал иІэкъым, нэм ильагъымкІэ зэумыгъэнщІу, мэзхэми псыхэми, бгъэми, цІыхухэми уаІуоплъэ. ЩІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм дыщІащ, псори дигу ирихьащ. Мы Іуэху дахэр жэрдэм ящІу кьыІэзыгъэпэща псоми фІыщІэ мыухъэ яхуэсщІыну, Іуэхуу ящІэр кьеХъулІэу псэуну, ди деж кьыщІахьа псапэр мину яхуэбэгъуэну сахуохъуахъуэ.

ЗыгъэхьакІэ **ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

«Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым «Грушевая роща» зыгъэпсэхупІэм дерс щхьэпэ щитащ.

Адыгэ къафэхэм я дерс

ИОРДАНИЕМ кьикІауэ зыгъэпсэхупІэм щыІэ ди лъэпкъэгъуэ ныбжьыщІэхэм папщІэ адыгэ къафэхэмкІэ дерс къызэрагъэпэщыныр къыхэзылъхьар адыгэ Іуэху зезыхьэ, Абхъазым и утым джэгу щызэхэзышэ Тау Аслъэнщ.

Зэхьихьэр иригъэкІуэкІащ ансамблым и къэфакІуэ, хьэтиякІуэ Гъуэныбэ Астемыр.

«Кабардинка» ансамблым и къэфакІуэхэу Гъуэныбэ Астемырэ Сунш Марьянэрэ джэгур адыгэ къафэжькІэ яублащ. КъыкІэлъыкІуэу, абхъаз, убых къафэхэр ягъэзэщІащ. Хабзэм тету, хьыджэбзхэр - ижьырабгъымкІэ, щІалэхэр - сэмэгурабгъымкІэ щыту джэгур екІуэкІащ.

ХьэщІэхэр къэфащ, я нэгу зрагъэужьащ. Зэхьихьэр абыхэм гукъинэж ящыхъуащ. Джэгур уджкІэ зэхуащІыжкащ.

Пшыхьыр и кІэм щынэблагъэм, Иорданием къызэдраха саугъэтхэмкІэ хьэщІэхэр ди къэфакІуэхэм къахуэупсащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Къэпщытэныгъэхэр

Ныкъусаныгъэхэр къыщІагъэщ

2015 гъэм накъыгъэм и 19-м КЪБР-м и Правительствэм къишта Унафэ №9330-рп-р игъэзащІэу. Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм лэжьыгъэ зэхуэмыкІыныгъэхэр хабзэм егъэзэгъэныжьрэ улахуэмкІэ щІыхуэхэр егъэтыжьныжьмкІэ и комиссэм къэпщытэныгъэ, профилактикэ Іуэхугъуэ зыбжанэ иригъэкІуэкІащ.

КЪАПЩТЭМЭ, лэжьыгъэмкІэ законодательствэм и пщалъэхэр зымыгъэзащІэ Іэнатіэ уанэгъэм яхь административнэ жэуапхэр зыхуэдэр щыгъэбелджылэ тхылъищэм щІигъу Іуэхущапі эу зэмылІэужьыгъуэхэм хуагъэхьащ. Етіуанэ мазищым щхьэзакъуэ хъэрычэтыщІэу 32-рэ зы Іуэхущапі эрэ къапщытащ, зэгурыІуэныгъэ хуамыІэу цІыху 66-рэ ягъэлажьэу къахутащ.

Къэпщытэныгъэм кьрикІуар комиссэм и япэ зэІуущІэм щызэхалъхьэжащ. ЗэгурыІуэныгъэншэу цІыхухэр зыгъэлажьэ щхьэзакъуэ хъэрычэтыщІэхэр абы ирагъэблагъэри, я къэушагъэр ирагъэльагъужащ, пІалъэ кІэщІкІэ ар ягъэзэжкІуэжыну хуагъэуващ.

ЛэжьыгъэмкІэ законодательствэр къызэпауд зэрымыхъунум теухуа тхылъхэр зи лэжьэжІэр зыубзыхуж ухуакІуэ организацэхэм папщІэ ягъэхьэзыр. Лэжьыгъэ зэхущытыкІэхэр зэкІэлъыгъэкІуэныжьмкІэ уполномоченнэ органхэм, налог Іуэхущапі эхэм, Пенсэ фондым и къудамэхэм зэпыщІэныгъэ хуаІэщ. Нэхъ мащІэ дыдэу ягъэува улахуэм зи мазэ хьэжьыр нэмыс щыхухэм, зэгурыІуэныгъэкІэ лэжьапІэм ямышІэхэм папщІэ, Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацым и официальнэ сайтым пІпанэпэ щхьэхуэ къыщыізэІуахащ, телефон хэха щагъэуващ.

Апхуэдэу нэІурыт социальнэ рекламэхэр дяпэкІэ комиссэм игъэхьэзырынущ.

ЖАНАТАЕВЭ Мадинэ,
Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацым и пресс-Іуэхущапі эм и унафэщІ.

Нэгумэ Мухьэмэд Мусэ и къуэр

Иджыблагъэ дунейм ехыжащ Нэгумэ Мухьэмэд Мусэ и къуэр. Ар 1949 гъэм Дзэлыкъуэ районым щыщ Къармэхьэблэ къуажэм къыщалъхуащ. Школыр 1967 гъэм кьиуха нэужь, щІалэр комсомолым и райкомым и путевкэкІэ Налшык кІуэри, телемеханикэ аппаратурэ къыщІэзыгъэкІ заводым слесарь щылажьэу щІидзащ. Мыгувэу ар заводым и цех нэхъ инхэм ящыщ зым и комсомол организацэм и секретару хахащ.

Зы ильэс нэхъ дэмыкІыу Нэгумэ Мухьэмэд Челябинск къалэм дэт автомобиль дзэ еджапІэ нэхъыщхьэм щІэтІысхьащ, ауэ къыкІэлъыкІуэ гъэм абы зригъэдзэжащ СССР-м и МВД-м и дзэ еджапІэу Владикавказ дэтым. Нэхъ иужькІэ къулыкъум хэзэгъа командирыр Фрунзе Михаил и цІэр зезыхьэ академием яГъакІуэри, ар 1989 гъэм къиухащ.

Нэгумэ Мухьэмэд СССР-м и МВД-м и Іуэхущапі эхэу Прибалтикэм и къалэ зэмылІэужьыгъуэхэм щІыпІэхэм ильэс 20-кІэ къулыкъу щищІащ, иужькІэ Постоев щыІащ, абы ирагъэкІри Новочеркасск щылэжьащ, дивизэ хэхам къулыкъу щищІащ.

1992 гъэм Нэгумэ Мухьэмэд ягъэуващ КЪБР-м и МВД-м и деж къыщызэрагъэпэща Іэнатіэщім - патруль-пІыпхъ полкым и унафэщІу. А Іэнатіэм, Тезырхэр егъэпшыныныжькІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм абы ильэс 23-кІэ къулыкъу щрихьэкІащ, Кавказ Ищхьэрэм щекІуэкІа лъэпкъ зэныкъуэкъуэхэр зэтегъэувыІэным хэтащ.

Нэгумэ Мухьэмэд Мусэ и къуэр полковник цІэр иІэу отставкэм кІуащ.

Пэжыгъэрэ егугъуныгъэрэ хэлъу дэтхэнэ Іэнатіэм зэрыпэрытам папщІэ абы Правительствэм, ведомствэ зэмылІэужьыгъуэхэм я дамыгъэ лъапІэ куэд кьыхуагъэфащащ.

Иужьрей ильэсхэм Нэгумэ Мухьэмэд лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІащ МВД-м и лэжьакІуэ щІалэхэр гъэугу тэмэмым тегъэувэным и лъэныкъуэкІэ. Ар гулъытэ зыхэлъ командир, ныбжьэгъу пэжт, абы къыхэкІыу къыдэлажьэхэми къэзыщІыкъуэми пщІэшхуэ къыхуащІырт.

И лэжьэгъуу щытахэр.

● Абы дегъэпІейтей

Гулъытэ щхьэхуэ хуащІ

Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и Управленэу КЪБР-м щыІэм щекІуэкІащ коллегием и зэІуущІэ. Абы щыхэпІэжащ, мы щыІэм я пІэ илъэс ныкъуэм я лэжьыгъэм кърикІуахэм, къапэщыт къалэнхэм щытепсэльыхьащ.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихащ Урысей ФССП-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ - республикэм и суд пристав нэхъыщхьэ **Танэ Эдуард**. УнафэщІыр тепсэльыхьащ я лэжьыгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм. Щхьэхуэу кьытеувыІащ алиментхэр и чэзум ятыным, улахуэмкІэ къатехуа щІыхуэр егъэпшынныжьным теухуа Іуэхугъуэхэм.

Управленэм и унафэщІым и къудамэхэу **Къамбий Іэдэм, Ефэнды Олег, Литовкэ Наталье** сымэ я докладхэр трауХащ Урысей ФССП-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и мазих лэжьыгъэм кьрикІуахэм. Гулъытэ щхьэхуэ хуащІащ жылагъуэм, цІыхухэм я дежкІэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъэм ящыщу ягъэзэщІапІхэхэм, ар зи къалэнхэр хэгъэзыхьын хуей хъуми. Абы и лъэныкъуэкІэ, я лэжьыгъэм кьрикІуахэм кьызэрагъэльагъэщи, екъулІэныгъэхэр яІэщ.

Къызэрыхагъэщащи, УФССП-м и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ уголовнэ къудэхэр, ТЭК-мрэ алиментхэмкІэ щІыхуэхэр егъэпшынныр. А лэжьыгъэм зэрыпэльэщыр жаІащ зэІуущІэм хэтахэм.

УАРДЭ Жансурэт.

● Узыншагъэ

Дохутырхэм лъы ят

Налшык къалэ клиникэ сымаджщ №1-м и лэжьакІуэ 200-м нэблагъэм лъы ятащ. Іуэхур къызэрагъэпэщащ Лъы щат республикэ станцым дэщІыгъуу - абы ягъэІэпхъуэ и комплексыр сымаджщ пщІантІэм махуитІкІэ щылэжьащ.

СЫМАДЖЭЩЫМ и дохутыр нэхъыщхьэ Джэрыджэ Анатолэ зэрыжиІэмкІэ, лъы тыныр къызэгъэпэщыныр я къалэнхэм хохьэ. Абы къыхэкІыу апхуэдэ Іуэхугъуэхэр щІэх-щІэхьырэ ирагъэкІуэкІынущ. ПІащІэгъуэкІэ плазмэ хуейуэ, лъы зытын цІыху къагъуэтыну зэман ямыІэу медицинэ лэжьакІуэхэм езыхэм лъы щат куэдрэ хэхуохуэ.

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущапі эм.

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакІуэ (XII лІэщІыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лІыхъужь

Зэзыдзэкlар БЕР Хьэбалэщ

(КІэлыкІуэр.
ПэщІэдзэр №№123 - 124, 128 - 129, 133, 138 - 139, 144 - 146, 149, 153,155-хэм итщ).

Шэнтым йопхъуэри зешэщІыр, едз, цІыкІу-цІыкІуу ар мэщащэ.
Гужьеяуэ щыт уэзирым псалъэр шэпхъыу къытощащэ:
«Дауэ пхужьІа ежьауэ, щытхъуу щыІэр зыхуэфащэр?»
Уэзир лІыкІуэм и нэкІу фагъуэм нэпсым уагъэ щызэІуещэ.

Іуегъэзыкl Сократ тхъэмыщкlэм, фІэмыІуэху закъыфІигъэщІу.
КъыщІэкІыжми зигъэбажэу, и гум гуауэр телъщ, хигъэщІу.
КІуат ар лІыщхьэу, пщІэ къыхуащІу, щІокІыж и лъэр къызэфІэщІэу,
ИрещІэжыр цІыхум и щхьэм зэранытгъэ куэд, имыщІэу.

«Сэ гуэныхьу сщІаХэр, - жеІэ, -Тхъэм си пащхьэм кърелъхьэжыр.
Дауэ сщыгъупща, гунэфым, къэзгъэщІ гъащІэр зи гупыжыр?
И нэхъыжьым епэгэкІыу пщІэ хуэщІыпхъэр зымыщІэжыр
Хъунщ сэ схуэдэу насыпыншэ, щыгъупщауэ гукъыдэжыр».

Тохьэж гъуэгу ар нэщхъей дыдэу, удын хьэлъэм къыхигъащІэу.
Автандил гукъанэ хуищІу иреІуэкІыр, тІэкІуи хъущІэу:
«Нобэ лъандэм сабжу лІыщхьэу, схьати гъащІэр гуапэ защІэу!
Иджы сыт! ТекІащ си напэр. ФІыщІэ ин пхузощІ сыпІащІэу!»

«Къащтэ ІуитхъарІ» - жиІэу, гуапэу нэпсыр ІитІкІэ щІелъэщІыкІ.
Хьэлэмэткъэ, хэщІми я гур, гушыІэн яхуэзэфІокІ.
ЕптынІауэ бгъэгугъамэ, «Хьэуэ» - хъунукъым къыхэкІ.
Дэ зэрытщІэщи, ахърэтми Іулъхъэм куэд щыхуэзэфІокІ.

«Схуэмыфащэ куэд пащтыхьым къэгубжьау къызипэсащ:
«УбзаджащІэщ, ухьэлынщэщ, уахьмакъщ уэІ» - къызжиІащ.
Алыхьталэм и Іэмыртэ, симыкІыу сыкъелащ.
Сыхъужынкъым цІыху сэ, дауи, си щхьэр щэрхъыу джэрэзащ.

Губжькъым тепщэр щхьэусыгъуэншэу, сыщыгъуазэт абы фІыуэ.
Сэращ псори ар зи ягъэр, сыщІегъуэжми, сщІэнур сщІауэ.
УфІэкІынкъым нэгум щІэлъым, - абы натІэкІэ уІоуэ.
Стынщ си гъащІэр сэ уэ щхьэкІэ, сигури си псэри хуэщІауэ.

«Хъуну хъункъым сэ семыжьэу, - жеІэ и кІэм Автандил,-
Гъагъа розэм хуалэу щІидзэм, къуалэбзум лъоІэс ажал,
Абы щхьэкІэ псы ткІуэпс лъыхъуэу ехыфынущ щІы къатибл,
Имыгъэтмэ, и губампІэм сыт и хущхъуэ, и Іэмал?

Схуэшэчынкъым сымылъагъуу ар нахуапІэу, е щІыхьэпІэу,
Нэхъ хъэсщтэнуц хьэкІэкхъэкІэу губгъуэм ситмэ, си псэупІэу.
ЕмыкІу Іейкъэ ар биЙм ІущІэм и щхьэзакъуэу, сэ сриІэу?
ДимыІэххэм нэхъыфІщ куэдкІэ дэ апхуэдэр, ныбжьэгъущ жытІэу.

Губжьу щытми ди нэхъыжьыр, жесІэнщ псори езмыхьэкІыу,
Гу лъитапхъащ зэрыщытыр си гур мафІэм къирисыкІыу.
СимыутІыпщрэ - сежьэнщ щхэуу, сщІа мурадым сытемыкІыу,
СылІэу щытмэ - сыт? Арщ гъащІэу къызитар Тхъэм, и гум пыкІыу».

Арти щІадзэ ефэ-ешхэм; хъуащ гумащІэ хэгъэрейр,
Егъэш хъунэу хъугъуэфІыгъуэр, къигъэнахуэу зэрыбейр.
Автандили фэеплъ хуещІыр щІыкхъу фащэ дахэкІейр...
Иожьэж хьэщІэр. Къуохьэж дыгъэр, дэхъуу кІыфІ абы дунейр.

Автандил и дежь носыжри, сом минищэ хьэзыр къещІ,
ЩэкІ пычыгъуэу щищ алъТесу, дахэ защІэу къынеупщІ.
Ар фІэмащІэ мэхъури щІегъур налкъут защІэу мыщІэ хыщІ.
Уэзир деж а хъугъуэфІыгъуэр яхьын хуейуэ ялыкІуэ ещІ.

ДыщІегъу псалъэу: «Незгъэхь тІэкІур щІыхуэ
стелъым пэувынкъым.
Уи Іуэхутхьабзэм еппэс хъуну хъугъуэфІыгъуэ щыІэу сщІэркъым.
Сыпхуэпщылу схьынщ си гъащІэр, къэзгъэзэжмэ!
Куэд ихьынкъым.
Лъагъуныгъэу уэ къысхуиІэр пхузимыІэу сыпсэункъым».

Автандил хэлъ фІагъ, гуапагъэр схуэЗІуэтэнкъым бзэм къитІасэу.
Хэбгъуэтэнкъым зы хьэл-цэни уимытхьэкъуу, уемыхъуапсэу.
Мис апхуэдэщ ныбжьэгъугъэр зезыхьэфыр, къигъэІэсэу.
Хэхуэм цІыхур гугъуехь хьэлъэ, ныбжьэгъуфІ щІохъуэпсыр гъусэу.

XXXI
Автандилрэ Шермадинрэ зэрызэпсэлъар

Автандил, ди дыгъэ нурым, мыр жреІэ Шермадин:
«Ди гугъапІэм, ди гуфІэгъуэм и къежьапІэр нобэ хъунщ,
Уэ лэжьыгъэу, пэжагъ хэлъу, блэжьа псом щыхьэт техъуэнщ».
А тІум Іуэхуу я пщэм дэлъыр тхылъым еджэм нэхъ къищІэнщ.

АдкІэ жеІэ: «Ди нэхъыжьым сиутІыпщакъым гу къыслъитэу.
Абы ищІэркъым здеІэр си гур, си лъэр къыщІиІэтэу.
Сэ арыншэу къэспсэу гъащІэр схуехьэкІынкъым, гъащІэу слъытэу.
Сыпсэунщ, семыжьэу щытмэ, сыуэ напэр, сыуКІытэу.

Ауэ сытми сыгушыІэу, а лІыхъужьыр сщІакъым гъусэ.
ЦІыху напэншэщ тхъэ зыгъэпщІыр - ар Алыхьми егъэмысэ.
Ар зэрыхъурэ спэІэщІэ, къолъэт си гур, мэгузасэ.
Ехь дунейр абы жэщ кІыфІу, теплъэ мыхъуу зы цІыхупсэ.

Ныбжьэгъугъэр пэжми пщІыми, ІуэхугъуицкІэ ягъэунэху:
Ятэрауэ, - щІыгъу ныбжьэгъум, убгъинэну умыщІ Іуэху.
ЕтІуанэу, - щыг гу къабзэу, щумыбзыщІу гухэль щэху.
ТІум ещанэр, - къыщыпхуейм деж, епІэщІэкІи, дэлэжь Іуэху.

СыщІыщысыр сыт сыпсалъэу? Сежьэнщ, пІалъэр къыщысакІэ.
Нэхъ теунщ тІэкІу си губампІэр губгъуэм ситу къыщыскІухькІэ.
ФІыуэ зэпэлъыт ныбжеСІэр, лъэр лъэрыгъым ивэхукІэ.
ГъэзэщІэфыт а бжесІахэр, уфІэІэфІу гурэ псэкІэ.

Псом я щхьэжыр пщы унафэрщ, - ужыджэру хуэжьІэщІэ.
Гу хьэлэлкІэ хэт цІыхубэм; цІыху къолъэІурэ - жиІэр хуэщІэ.
Хъумэ хэкур, лъэщ щІы уи дзэр, щыт тхъэмадзу, пІэкІыр ящІэу.
ПщІащ къулыкъур нобэм къэскІэ, нэхъыфІыжуи ар гъэзащІэ.

БиЙм уІущІэм, укъэмыскІэу хъумэж хэкум и щІынальэр,
ФІым фІы хуэщІэ ущымысхъу, ер зи Іэщэр - ем Іугъаплъэ.
ПхуэсщІэжьынщ къыскъуэпщІэр щІигъэу,
къэзгъэзэжмэ зекІуэу си лъэр.
ЩІыгъупщэнукъым нэхъыжьым цІыху хьэлэлу фІы зигу илъыр».

Щермадин, къэгумэщІауэ, кърегъажьэ и гукъеуэр:
«Сэ сыкъонэ си щхьэзакъуэу, жысІэу, аркъым къызэгуауэр.
ИкІи сощІэ: укъэтыхукІэ сщхьэщыкІынкъым гуІэ жьауэр.
Сыздешажьэ, хьэтыр уиІэм, бдэскІунщ пкІуну пщІэлъ гъуэгуанэр.

И щхьэзакъуэу жыжьэ кІуэну цІыху техьауэ гъуэгу хэт зыщІэр?
Е гугъуехьыр и нэхъыжьым димышэчу щыс нэхъыщІэр?
Уэ уи Іуэху зытет сымыщІэу схуэхьын махуэ? Сыт къызэпщІэр?»
Жэуап къетыр: «УнэкІуэнкъым! Сэ си псалъэр быдэщ, уощІэ.

Уэ къысхуиІэ лъагъуныгъэм шэч къытесхьэркъым, ныбжьэгъу.
ПхуэсщІэфынукъым уи лъэІур, зумыгъэхьи нэхъыфІщ гугъу.
Дзыхь хэт хэкур зыхуэсщІынур? Сэ си мащІэкъым жагъуэгъу.
Сэ уэ пхуэдэ гурэ псэкІэ къызбгъэдэтІау сымылъагъу.

Сыщыхъужакlэ хьэщыкъ, губгъуэм ситын хуейщ, сщІымыгъуу зыри.
И щхьэзакъуэу къэзыкІухьым и хущхъуэгъуэщ нэпс дыдж Іейри,
Нэхъ себэнщ ар кІтмэ губгъуэм, щыг нэхъ гъыу, лъэмыкІыу зыри.
Мис апхуэдэщ дуней гъащІэр! ЗыдегъакІут абы уэри!

Сигъэлъ уи гум сыкъэтыхукІэ, лъагъунытгъэр быдэу Іыгъ!
Зэи сихуэнкъым сэ щщІІыпІэ, зэи сыхъункъым биЙм и щІагъ.
Щхьэмыгъазэу йолъэр хахуэр, дзыхэу гуауэм ар дэмыгъ.
ЦІыху тхъэмыщкlэщ ем щышынэу имыувэжыр шы лъэрыгъ.

Ростеван хуэстх си уэсятыр дзыхь пхузощІри, хьыи, схуетыж.
СелъэІунщ ар къыпІуущІэну гуапэу, иІэу гукъыдэж.
СылІэу щытмэ, псэу губзыгъэу, утемыхьэуэ гъуэгу пхэнж.
Зэрыхъуар апхуэдэу Іуэхур уигу щІэгъэхьи, сыгъеиж».

Етх уэсят, тІысау, тепщэм иригъащІэу и гум щыцІэр:
«Зи щІыхь лъапІэ! Ущэхуауэ сызэрежьэр узогъащІэ.
КъысхуэгъэгъэгъуэщІ, щыгъэгъу къысхуэщІи,
пхуэмыфащэу мы сэ уэ сщІэр.
Схуэшэчакъым сымылъагъуу ныбжьэгъу сщІа лЫыхъужь спэІэщІэр!

Ар уи жагъуэ хъуми, сощІэ, арэзы ухъунщ иужькІэ.
Іущыр зи зэран хуэхъункъым зи гур къабзэм ныбжьэгъуагъкІэ.
Платон Іущым жиІа псалъэу къэсхьынщ щапхъэу абы щхьэкІэ:
«ЦІыху бзитІ-щхьитІри, пщІы зыупсри
зэщхьыркъабзэщ напэншагъкІэ».

ПщІым зыхыхьэм бэлыхь хелъхьэ, пщІым докІуэдыр мамырыгъэр.
Дауэ сэ Іэщ!ыб схуэщІыну дякум дэлъ зэкъуэшынытгъэр?
Сэбэпынщэм акъылыфІэр, зыми щыщкъым губзыгъагъэр.
Дунейм и фІыр, и пэжыпІэр къэзыхутэ Іуэхущ щІэныгъэр.

Ущыгъуазэщ лъагъунытгъэм теухуауэ тхыгъэу щыІэм,
Зэралытэм ар, щщІэ хуащІу, уэрэд лъапІэхэр зэриІэм.
Егупсысыт абы уэри, зи щІыхь лъапІэ, хьэтыр уиІэм.
КъигъэнэкІым гулъытэншэу лъагъунытгъэр гущІэгъу зиІэм.

Дуней гъащІэр кІыхьэзыту пэлъэщыф биЙм сызыщІам,
Къару щэхукІэ фІыгъуэр щІылъэм къытезыхьэу тез зыщІам,
Іэмалынтэм ар, щщІэ хуащІу, уэрэд лъапІэхэр зэриІэм.
ЕщІыф щэр - зы, гугъу демыхьу, зыри ещІ щэ, хуей щыхъуам.

Зи хъэхъуакъым цІыхум и псэр фІыгъуэ гуэрым щІэмыхъуэпсу,
КъэкІа розэр, нэху темыгисэм, мэхуэдэж игъуэ нэмысу.
Зи дахэгъуэр фІыщ сыт щыгъуи, щонэху гъащІэм дыгъэ къепсу.
СыпэІэщІэу си ныбжьэгъум, схуэхьын гъащІэр си пІэм сису?

Къысхуэгъэгъу сэ, угубжьами, мы Іуэху зляжьыр щхьэзыфІэфІу.
Схуэшэчакъым стелъ хьэзабыр, - сист гъэрыпІэм сфІэмыІэфІу.
ТІысын папщІэ си губампІэр, слъытащ гъуэгур нэхъ ІэзэфІу,
Щхьэхуит хуэщІ ар ІущІэфынущ, къимыкІуэтмэ, и псэм фІэфІу.

Сыт ущыскІэ, нэпсыр бутхыу, уэху-уэхь жыпІэу, уІэхъуЛэхъуу!
КъытхуищІар дэ Тхъэм унафэу къэнэжьынкъым зэІубз мыхъуу.
ХуЛэхЫнуц хахуэм сытрти, къимыкІуэтмэ, ажал щыхъуу.
Хуэхъуэжьынкъым зыми гъащІэм хуэхъуар хабзэ,
тынш къыщыхъуу!

Алыхьталэм и гупыжу си нэгу щІэлъыр зэхэкІынщ,
ЗгъэзэщІауэ си къалэныр, уи деж сэ къэзгъэзэжынщ.
Къыстелыдэу уи дыгъэпсыр, уи нэгу фафІэм сиплъэжынщ.
Тариэл сэбэп сыхуэхъумэ, фІыгъуэу щыІэм ар пэсщІынщ.

СыукІ, жаІэм: «Гейщ илэжьыр!» - хуитныгъэр уэращ зейр.
Сызэрежьэм щхьэкІэ цІыхухъэм сыт гукъанэ щІащІын хуейр?
Тарнэл жеІэм сепщІынкъым, къэкъутэжми мы дунейр!
СхуэшэчынукъымкІым къызиплъу си ныбжьэгъум нэмыплъ Іейр.

Уи ныбжьэгъум и гукъуэгур уигу имыхумэ, - ар лъапІэщ.
Ита псалъэм темытыжыр - ар щхьэхуещэщ икІи цІапІэщ.
Хуэзупсынкъым пщІы пащтыхьым, сэ си нэхум! - Ар си напэщ.
ПщІы зыупсу щхьэм щытхъужыр лІыхъужь нэпцІу жьэ пЗрапІэщ.

ЩтаІэщтаблэу Іухьэр зауэм пэлъэщынкъым зылІ и лІыгъэм.
МэкІэзыз ар, къаскІэу и гур, къигъэгузэвау лЗныигъэм.
ХуэщІ ар щІыхубз щхьэхьанэм, - хуЛэхЫнур сыт къэрабгъэм?
Дунейм фІыгъуэу телъым нэхърэ нэхъыфІщ, фІыщІэ
къихьмэ лІыгъэм.

Хуэубыдынкъым зым ажалыр, пэувами къуршыр задэу.
Мыр лІыхъужьщ, е мыр къэрабгъэщ жиІэу щыткъым щІыхум хэдэу.
Къэсмэ пІалъэр, жьыри щІэри зыдегъакІуэ и зэхуэдэу,
ПхуэямыфащэгъащІэм нэхърэ нэхъыфІщ улЗэм, уимыкІуэту.

Зи щІыхь лъапІэ! УмышІ жагъуэ сыпхуэягушхуэу мы бжесІэнур:
Зыщигъэгъупщэн зэи хуейкъым щІыхум зэгуэр зэрылІэныгъэр.
Къэсау щытмэ уи ажалыр, мащІэщ абы пхуещІэжьынур.
Уи деж сэ къэзмыгъэзэжмэ, сухау лъытэ къэзгъэщІынур.

Ажал фІыщІэр къыслъэІэсрэ, сихьэж хъумэ Тхъэм и пащхьэм,
Фи гъы макъыр зэхэзмыхыу хамэ щІыпІэ сыщыщІалъхьэм,
Къыздалъхуахэм сахуэпэжу си къаблащхьэм щымыпыхьэм,
КъыхэмыкІыу губжь си Іуэхум, хъунт хъыбарыр уи гум щІыхьэм.

ПхуэлъытэнкъымсиЗр мылъкуу, хъугъуэфІыгъуэр къызолыж.
Яхуэгуэш ар къулейсызхэм, пщылІу сиІэр щхьэхуит щІыж.
Ет зимыІэм, мэжащІалІэм, уцымысхь, яхуащІ гупсэм.
Мис абы къыпэкІуэу цІыхухэм сахуэхъунщ сэ гукъинэж.

ФІыгъуэу сиІэм лейуэ плъытэр Іуэхугъуитым тегъэкІуадэ:
Лъэмыж псыхэм трегъалъхьэ; щІы дин лъабжьэр нэхъри быдэ.
Ущымысхьу хуэщІ унафэ мылъкум, - хъункъым псхэкІуадэ,
Си гум Іэ къыскудилъэну сэ згъуэтынкъым цІыху уэ пхуэдэ.

Мис итІанэ къулейсызхэр схурелъэІу Тхъэм къысхуищІэну:
ЩІылъэ цІынэм сыкъыхихыу цІыху сурэтыр схуихъумэну,
Хьэзаб стелъым кІэ иригу си гурылъхэр ІэфІ схуищІыну,
Си псэр зэІэм сришалІэу, мамыр си гур схущІыжьыну.

Хъэрахъищэу зэщІэпщІыпщІэу ахърэт дахэр пІэ схуищІыну,
Стелъ гуэныхьыр къысхуигъэгъуу, жэнэтыпскІэ сигъэпскІыну,
Жэнэтыбжэр схуэзІуихыу, хьэдырыхэр нэху схуищІыну,
Си псэм дамэ тригъакІэу, уафэгу къабзэм сыдихыну.

Абы щыгъуэ си деж никІыу уэ си лІыкІуэ ныпхуэкІуэнкъым,
Си щхьэ Іуэхущ мыр сэ ныщІэстхыр, фэрыщІагъи абы хэлъкъым,
ЩІызеиншэщ пщІыр фІы щащІэм, - пщІыр купщІэншэщ,
лъакъуи щІэткъым,
Къысхуэгъэгъу уэ, хьэтыр уиІэм! ЛІам
нэгъуэщІ хуЛэхЫжьынкъым.

И кІэухым мы зыр лъэІуу пхузиІэжщи - ар къысхуэщІэ:
Шермадинщ зи гугъу пхуэсщІыр, щщыІхэм хэткъым нэхъ жьІэщІэ.
Хущыт гуапэу, - си гуапагъэм ар есащи мэжьІэщІэ.
И нэпс ткІуэпс абы къемыкІуэу ирепсэу а щІыху гумащІэр.

Щызоух абдеж си псалъэр, щІызодзыжыр тхыгъэм си Іэр.
ЕгъэджакІуэ! УЗмыльагъумэ, зеиншагъэр си псэм къоЗ.
Фэ сэ щхьэкІэ фынэщхъейуэ фымыгъафІэт гууэ щІыІэр,
Пащтыхьышхуэм уи лъэщагъым щрешынэ хэкуу щыІэр».

Тхэн лІыхъужьым зэриухыу, Шермадин ирет итхар:
«Сэлам гуапэ пщым схуехьжи, жеІэ псори мурад сщІар.
Мы Іуэхутхьабзэр хулъэкІыну уэ нэмыщІ хэит къыгъэщІар?»
ІэплІэ хуещІыж и ныбжьэгъум, къелъэлъэхыу нэпс къекІуар.

XXXIII
Автандил и тхьэлъэІур

Тхьэм йолъэІу ар: «Алыхьталэу дунеишхуэр зыІэщІэлъ,
ІэфІ ди гъащІэр зэм тхуэзыщІу зэми бэлыхь ттезыгъэлъ,
Къэмыхъуахэр къэзыгъэхъуу къаруушхуэ зыбгъэдэлъ,
СытегъакІуэт сэ шынагъуэм, схуэщІи лІыгъэр уэ фэеплъ!

Ди тхъэу Тхьэшхуэ, дунеишхуэр тхуэбухуащ уэ насыпыфІэу,
Гум ищІапхъэр хуэпщІри хабзэ, лъагъунытгъэр иплъхьащ ІэфІу.
Мис аргуэру псэм и щІасэм сыІэщІечыр гъащІэм фІэфІу.
Уемыгуауэт лъагъунытгъэм трисам хьэуам хьэлэфІу.

Ди тхъэу Тхьэшхуэ, уэ зырщ сиІэр щІэгъэкъуэн сэ къысхуэхъуну!
СынолъэІур, уигу къысщІэгъэщ, сщІэлъ гъуэгуанэр
кІэщІ схуэпщІыну,
Бий къаруми, хы толъкъунми саІэщІэпхуэ сыпхъумэну.
Узот псалъэ, сыпсэухукІэ си псэр уэ Іумэт пхуэсщІыну».

И нэмэзыр зэфІегъэкІри, докІ ар щэхуу, шым шэсауэ,
Шермадини и гъуэгу тохьэ, нэпскІэ и гур игъэнщІауэ.
Етэхтъэж и нэкІур лъыпсу, и нэгу щІэкІыр техьэлъауэ,
СыткІэ хъун ар насыпыфІэ, нэхъыжьыфІым пэІэщІауэ?

XXXIV
Автандил щэхуу зэрежьар Ростеван къещІэ

Щедгъэжьакlэ ди лІыхъужьыр къыхьзодзэ уэрэдыщІэ:
Махуэ псом Ростан и закъуэу щІэсщ и нэшым, шым ІумыщІэ.
Къызэщоурн нэхущым, къэгубжьау мэкІий, мэхъущІэ.
Къраджэну и уэзирыр сщІ унафэ; жиІэр хуащІэ.

И щхьэр хуиту хуэмыІэту, Сократ тепщэм деж щІыхьащ.
Ростан жеІэ: «Уэ дыгъуасэ къызжепІар сщыгъупщэжащ.
Ауэ пэж ухуейуэ щытмэ, икъукІэ си жагъуэ къэпщІащ,
Абы сэри сигъэгубжьри, тІэкІу гуащІэІуэу сыпхуилъащ.

ПщІэжу пІэрэ уэ фІы дыдэу хьийм дыгъуасэ сизышар?
Пэжу жаІэ: «Мэхъу нэхъ гухэ хьыбар гуауэ зыхуахьар!»
Сымыгубжьмэ, нэхъыфІщ уэркІэ. Хьэкъыу - зыпхыгъэкІыт ар.
КъэзгъэщІэж иджы щІэрыщІэу, уэ дыгъуасэ къызжепІар!»

ЖриІауэ хъуар дыгъуасэ Сократ тепщэм хуеІуэтэж.
ЩІодэІу тепщэри, къопсалъэ: «КІуэжи, дзэпщым мыр жеІэж:
Акъыл уиІэу сэ услытэм, сыжурт щылъхуу зызобжьж.
Щызоух абдеж си псалъэр, ухуэмеймэ нэхъ Іеиж!

КъыщІокІыжри щыхьэр унэм, къыздикІам Сократ мэкІуэж,
Автандил ежьау яІуатэу цІыхухэр гъыу ирохьэлІэж.
«КъысщыщІар дыгъуасэ сщІэжу, сымыкІуэн нэхъыжьым деж.
Хуейр ирекІуэ абы, хэтми. Сэ злэжьам сыхущІогъуэж».

Тепщэм деж Сократ щымыкІуэм, лЗыщхьэр мафІэу къызэщІоплъэ.
КІэлъгъакІуэ цІыху, къишэну, ауэ кІуахэм куэдрэ поплъэ.
Къэхъуам щІыІэу гу щылІытэм, нэщхъей къоХъури, къопсалъэ:
«Ежьащ, дауи, лЗым я лЗыжьр, игъэпэжу ягъэ ешлъэр».

ПыкІау и фэр, щысщ пащтыхьыр Автандилым щІэгупсыс.
И уэзирыр къраджэну ещІ унафэ, лыгъэм ар пІыупсу.
КъреІуатэ, къыщІрехьи, ищІэр, псэуми ар пІыупсу.
ЩІохьэ тепщэм деж уэзирыр, а зэІущІэм щІэмыхъэупсу.

ЗэрыІуплъэу ар пащтыхьым, покІ аргуэру и фэр щэхуу.
Тепщэм жеІэ: «АтІэ, дыгъэр бзэха, мазэм лъэр кІэлъихуу?
КъыжеІэж уэзирым нахуэу, къыздикІар удыныр щэхуу:
Пэжщ, къепсыжыркъым ди дыгъэр, япэм хуэдэу къытхуэнэхуу».

Ахэр тепщэм щызэхихым, къызэІуохьэ нэхъри ар.
Гъыурэ жеІэ: «Си бын закъуэ, сыт утхэкІыу къыдэпщІар?
Дэнэ щІыпІэ уздэщыІэр? Дыгъэр дэнэ щыкъухьар?
Зэ утлъагъужьыну пІэрэ?» - жиІэу, магъ гумахэу ар.

«ПщІыгъуэмэ гъусэу уи акъылыр, къыпхуэхъункъым ар жагъуэгъу.
Сыт дунейм иджы щысщІэнур? Хъуащ си гуэр кІыфІ, - ялъагъу.
Скъъэбгъанэри си закъуэ, хамэ щІыхур пщІащ пэщэгъу,
Уэ сыпІупльэжыху си гъащІэр схьынщ, къысщыхъуу ар гугъусыгъу.

Слъагъужыну пІэрэ щакІуэ къикІыжау лІыхъужь гъэпсар,
Утыкушхуэр зыгъэбжьыфІэу Тхъэм зэкІужу къигъэщІар?
Фо пэлъытэу зи бзэр ІэфІу гу гъэхуабэу сэ сиІар?
Сызеиншэщ сэ уэрыншэу - арщ дунейм къызипэсар.

Хьэлъэу щытми щщІэлъ гъуэгуанэр, уимыкІуэту ар пкІуфынщ.
Жыр мансэу лъащ уи щабзэр, - ар пІэщІэлъмэ, уигъэшхэнщ.
Пшэчын папщІэ гугъуехь птелъыр, къарууфІэ Тхъэм уищІынщ.
СылІэу щытмэ, уэрыншэу, хэт си хьэдэр игъеин?»

Къызэхуосыр цІыхуу щыІэр, гуІэм щІылъэр зэлъещІыс,
ЗафыщІыжыр, магъ цІыхубэр, хы толъкъуну щІагъэж нэпс,
Джэрпэджэжу бгыр къеджэжу, гууэр гъыбзэр зэхуаус.
«КІыфІ хъуащ, - жаІэ, - дэ ди гъащІэр, темыпсэжу щІым дыгъэпс».

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Сурэтыр **Кобуладзе Серго** *ищІащ.*

● Фокіадэм и 20-р Адыгэхэм я дунейпсо махуэщ

Мылъкум ефІэкІ хъугъуэфІыгъуэ къытхуэзыгъэна Хьэкъун Барэсбий



ЦІыху куэд урихьэлІэркъым, мыбы сыт хуэдэ ІэщІагъэ къыхихами, цІэрыІуэ зыщІын щІэныгъэрэ лэжьэкІэрэ къигъэлъэгъуэнут, хужьпІэфу. Хьэкъун Барэсбий фІыуэ сцІыхуу щытащи, шэч къыпесхьэркъым тхыдэтх, этнограф, бзэщІэныгъэлІ, агроном, журналист, нэгъуэщІи абы къыхэкІыну зэрыщытам. ЩІэныгъэм гу хуэзыщІар, набдзэгубдзаплъэр, губзыгъэр, къызыхэкІа лъэпкъым ифІ зезыхуэр, жыджэрыр, Іуэху пыухыкІа зыщІэфыр лъагъуГуафІэщ. Апхуэдащ Барэсбий, Щабэу псалъэ, жиІэн зиІэ, щІэ куэд къозыгъащІэ цІыхут ар. Дэ фІыгъуэшхуэ къытхуигъэнащ абы, «Адыгэ къэкІыгъэцІэхэр» псалъалъэр итхри. 1975 гъэм а тхылъыр Черкесск къыщыдэкІащ, къэкІыгъэ зы мин хуэдиз адыгэбзэкІэ, урысибзэкІэ, латиныбзэкІэ зэреджэр, къэкІыгъэхэм я сурэтхэр иту. Елэжьыжауэ, къэкІыгъэцІэ 1500-рэ иту етІуанэу а тхылъыр «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм 1992 гъэм къыдигъэкІащ.

ТЫНШЩ птхыну, ауэ гурыІуэгъуэщ къэкІыгъэ 1500-м я цІэр зэхуихьэсы- жьын щхьэкІэ абы куэд къызэхикІухьын, нэхъыжьхэм я хъыбархэм щІэдэІун икІи хэщыпхьыжьын хуей зэрыхъуар. Аращ ар Іуэрыіуатэми, бзэми, тхыдэми фІыуэ щыгъуэгъуэзар. Езым агроном ІэщІагъэр иІэу КъБКъУ-р къиухауэ арат, мэкъумэш щІэныгъэхэм я кандидат.

«Бзэр тхыдалъэщ. АбыкІэ гъэщІэгъэнщ къэкІыгъэцІэхэри. Ахэр щыхьэт тохъуэ тхыдэм и гъэгуанэ гугъуехэм, залымыгъэ егъэлеям зэкІэщІадза адыгэхэр (шэрджэсхэр) зы лъэпкъыу, зы унагъуэшхуэм хуэдэу зэрыІыгъыу, зэкІэлъыкІыуэ зэрыщытам», - етх Хьэкъуным.

Филологие щІэныгъэхэм я доктор Іэбдокъуэ Іуэес гъэщІэгъэныщІэщ Барэсбий теухуауэ жиІар. Абы и гукъэкІыжхэм ящыщ пычыгъуитІ къыхэзгъэкІащ и тхыгъэм.

«Езыр мэкъумэш факультетым щеджэмми, щыстудентэ зэманым Хьэкъуным доклад щищІауэ щытащ тхыдэ-филологие факультетым студентхэм я щІэныгъэ конференц щекІуэкІам. Ар гуапэ ящыхъуат егъэджакІуэхэми студентхэми. Бзэр докладыр зытриухуар къэкІыгъэцІэхэрт. Щыстудентым щегъэжьауэ Къэбэрдейри Шэрджэсри къуажэ-къуажэкІэрэ къызэхикІухьурэ, къэкІыгъэцІэхэр абы адыгэбзэкІэ итхащ. Зы къэкІыгъэм и цІэр щыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм зэтемыхуэу къызэрыщапсэлъэр иубзыхуащ. Иджы ахэр къагъэсобэп хъунущ бзэр, тхыдэр, ботаникэр, агрономиер, мэкъумэш зехьэкІэм и тхыдэр зыджэм», - етх Іуэес.

«ИкъуэкІэ гъэщІэгъэнщ Барэсбий уригъусэу губгъуэм уитыну. Абы къыбжиІэфынущ дэтхэнэ удэми и химие зэхэлъыкІэр, ар щІэхущхъуэгъуэм (апхуэдэмэ) и щхьэусыгъуэр. Мэзым ущыкъыам араш: мыр кІейщ, мор дыкъуэнагъщ, модрейр Іэнейщ, абы къыбгъэдэтыр блашэр, занщІэу дэжейр чыпІэщ - жыг лІэужьыкІэщ, блашэр - шэмэджыкІ, Іэнейр джыдэкІ зэращІыр.

ЩІыуэпсыр фІыуэ зыльаГу щІыхуращ абы и хъугъэфІыгъуэхэр къэзыхугъэфынур», - къыпІещІ Іэбдокъуэм икІи Барэсбий зыщІыхуу щыта псорн абы щыхьэт техъуэфынущ.

2002 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ Хьэкъунрэ илъэс куэдкІэ зэпэжьа «Мылъкум ефІэкІ хъугъуэфІыгъуэ. Адыгэхэм я мэкъумэш, ботаникэ щэнхабзэр» тхылъыр.

Барэсбий и Іэрытхыр илъэс куэдкІэ щылъауэ, езыми абы и Іуэху зэрихуэну ба- гу имыІэжу, а лэжьыгъэр зи пщэ дэзыльхьэжа, тхылъ- кьыдэкІыным хуэзыгъэхьэзыра Джэрыджэ Арсен фІыщІэшхуэ хуэфащэщ. ЩІы- хуэфащэм я нэхъыщхьэри Барэсбий и хьэупсапІэр нахуапІэ зэрыхуищІарщ - абы итъэгъуащ и тхылъыр дуней къытехьауэ.

Джэрыджэм етх мыпхуэдэу: «Барэсбий хуэзфІэкІащ дыдзэсжауэ гу зылъыдмытэр е дызыщыгъуазэу щымытагъэхэз куэдым адыгэнэрэ адыгэгукІэ ирилъэжу ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъуж Іэджэм адыгэпсэ къыІуигъэкІэжын. ЩІэныгъэлІым къыджиІэ хуэдэщ: «ДагъэцыкІухукІэ, дагъэпудыхукІэ дэри зетшэхыурэ дыжьыгъейуэ дэр дыдэм ди фІэщ хъужа щхьэкІэ, феплъыт адыгэ тхыдэмрэ адыгэ зэхэщыкІымрэ я лъабжьэ щІэлъ хъугъуэфІыгъуэхэм!»

«Мылъкум ефІэкІ хъугъуэфІыгъуэ» тхылъым и псалъащхьэхэм дривгъаплъэт: «Адыгэ Іуащхьэжьхэр щэнхабзэм и щыхьэтщ», «Адыгэ мэкъумэш ботаникэ, зоологие щэнхабзэмрэ нарт хъыбарыжьхэмрэ», «Лъэпкъ ботаникэ щэнхабзэр», «Адыгэхэр пхъэм зэрелэжь щэнхабзэр», «Хэкужь жыг хадзкэр», «Адыгэ мэкъумэшыр ди щэнхабзэм и зы Іыхьэ щэджащэщ», «Шапсыгъ хэгъуэгум и хъугъэфІыгъуэхэр», «КъэкІыгъэцІэхэр». Сыт хуэдэ щІэныгъэ уиІэн хуей мы кьедбжэкІэхэм теухуауэ уи псалъэ жыпІэн папщІэ?! Барэсбий бгъэдэлъащ а щІэныгъэр. Нэхъыщхьэрэ, и щІэныгъэр къигъэсэбапащ, абы щхьэх ищІакъым.

Хьэкъун Барэсбий дунейм ехьжащ 2004 гъэм мэкъуэгъэгъуэм и 25-м. Илъэс 11 дэкІащ абы пьандэрэ. Сыт хуэтщІэфа апхуэдизу къытхуэзыщІам? Езыр Хьэбзэ къыщалъхуащ, Черкесск щыпсэуащ, я нэхъ мащІэрамэ, зы уэрам гуэрым абы и цІэр фІащ хъунут, абы и цІэкІэ саугъэт щыІамэ фІы дыдэт, фІыуэ еджэ щІэблэм ирихуэупсэу. Хуэфащэ дыдэт феплъ хуэбгъэуфыну. Барэсбий къэкІыгъэцІэхэр зэхуэхьэсыным и щІалэгъуэм щыгъуэ яужь имыхьамэ, куэдыр тфІэкІуэдынут, а лэжьыгъэм зезыпщытын нэгъуэщІ диІаУи къыщІэкІынукъым. Аращ фІыщІэ щІыхуэзэщІыпхъэри.

Си гъащІэм къриубыдэу сызыхуэза, нэхъ сигу къина цІыхуэхэм ящыщщ Хьэкъун Барэсбий. ЦІыху Іэсэлъасэ, уэркъ гъэсэныгъэ зыхэлъа, зэрыжьсІащи, щІэныгъэ щхъэ зыбгъэдэлъа, Іэщагъэ куэдым хэзагъэу щыта адыгэлІым (сыт и уасэт чы лантІэм къыхищІыкІыу щыта матэ зэмылІэужьыгъуэхэр) и хьэжь къыптенаУэ къысщохъу. КъэкІыгъэцІэхэр адыгэбзэм и диалект пооми- кІи къызэрытхуигъэнам тесщІыжьу жысІэнт: Черкесск, Налшык, Мейкъуапэ, Сочэ е ТІуапсы я уэрам зырызым абы и цІэр фІащыну а щІыпІэхэм щыІэ Адыгэ Хасэхэм дащыгъуэ хъунущ пІэрэ? Лъэпкъым хуэзэдэзнукъэ щыІэ и фэеплъым теКІуэдэнур? Мы Іуэхум пхуэзфІэмыкІын хэлъхъым, ерыщу яужь уитмэ. Хьэкъун Барэсбий ди зэрихьжьхэм илъэс минхэм къриубыдэу я акъылым зэригъэзэхуаращ фэеплъу къытхуигъэнар. Абы нэхъ лъапІэ щыІэу сщІэркъым.

ШИРДИЙ Маринэ.

Сурэтыр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

Нэхъыжьхэм йогуапэ

● Гулъытэ

Физкультурникым и махуэм ирихьэлІэу «Акрополь» нэгузегъэужьыпІэм щекІуэкІащ КъБР-м СпортымкІэ и министерствэм къызэригъэпэща Іуэхугъуэ гуапэ. Абы къыраГъэблэгъат республикэм и спорт щІыхьыр зыІэта гупыШхуэ.

НАЛШЫК къалэмрэ республикэм и районхэмрэ кьикІа нэхъыжьхэм псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Парламентым спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и Іэтащхьэ **Кьардэн Мурат**, республикэм спортымкІэ и министрым и къуэдзэ **Хэжь Заур**, Урысей ДОСААФ-м КъБР-м щІэ къудамэм и тхьэмадэ **ЗэкІуий Мухьэжид**, «Динамо» урысейпсо физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **Фролов Сергей** сымэ.

Зауэм, лэжьыгъэм, ІэщакІэ ЗэщІэузэда Къарухэмрэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ я ветеранхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд** а зэгухьэныгъэр къызэрызэрагъэпэщІрэ илъэс 25-рэ зэрырикъуам и медалэр яритащ Олимп чемпион Кьардэн Мурат, спортым и ветеранхэу Къуэдзокъуэ Анатолий, Уянаев Владимир, Петренко Владимир сымэ.

ХьэщІэ лъапІэхэм папщІэ Іэнэ берычэт ягъэуващ. ЗэлущІэм и кІэухыу фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Мырзэкъан.

Хьэмыкъуэ Пётр

● Бокс

Лабэ Іуфэ щыщ адыгэ щІалэр Европэм и чемпионщ

Боксымкіэ Европэм и чемпионат Болгариеи и Самоковэ къалэм иджыблагъэ щыізэхэтащ. Килограмм 75-м нэс зи хьэпъагъэм я деж абы дыщэ медальр къыщиухащ Краснодар крайм хыхьэ Лабэ жылагъуэм къыщалъхуа Хьэмыкъуэ Пётр.

ХЬЭМЫКЪУЭР и хьэрхуэрэгъу псомиз нэрылъагъуу ефІэкІащ. Финалым ар 3:0-у (30:27, 30:27) щытекІуащ Польшэм щыщ боксёр цІэрыІуэ Яблонский Томаш.

«Кіэух зэІущІэр сызэрыхуея дыдэм хуэдэу екІуэкІакъым, - жиІащ Хьэмыкъуэ Пётр зэхьэзэхуэр зэфІэкІа иужькІэ. - Абы итпэкІэ финал ныкъуэм щыхьэгъэщІа Квачатадзе Заал сытым дежи къызэгъэрыкІуэрэ къару куэд сфІихьати, жыджэрагъыр схурикъужауэ къыщІэкІынукъым. Яблонский Томаши куржы щІалэм зыкъомкІэ ещхьт - къикІуэт имыщІэу ипэкІэ кІуэтэну хущІэкъурт. Арати, гъунэгъу зыхуэзмыщІыщІэурэ, и къарур иухыукІэ сыпэплъащ. ИтІанэ сэ сытеГуплІэу щІэздзащ».

Дунейпсо классымкІэ спортым и мастер Хьэмыкъуэ Пётр нэхъапэми ехьулІэныгъэфІхэр иІащ. Къэпщтэмэ, мэлыжьыхь мазэм ар WSB-м къызэригъэпэща зэхьэзэхуэм щытекІуэри, Бразилием и Рио-де-Жанейрэ 2016 гъэм щекІуэкІну Олимп Джэгуэхэм хэтыну хуит зыщІ лицензэр къижьащ. Абы итхэмкІэ Урысей Федерацэм и чемпионатхэм дыжьын, жэз медалхэр щызыІэригъэхьащ.

«Иджы дунейпсо чемпионатым ерыщу зыхуэзгъэхьэзырынущ. Европэм и чемпион сызэрыхуэм абы сыхэтыну Іэмал къызет, - жиІащ Хьэмыкъуэм. - Олимп лицензэр сиІэ щхьэкІэ къэмынэу дуней псом и чемпион сыхъуныр сыхущІэкъунущ».

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Армрестлинг

УГИБДД-м и гупыр япэ йощ

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министерствэм и спорт Іуэхущ Іапіэу Налшык дэтым щекІуэкІащ армрестлингымкІэ япэ зэхьэзэхуэ. Ар къызэригъэпэщащ «Динамо» спорт зэгухьэныгъэм.

Я ХЬЭПЪАГЪ елъытауэ щыуэ гуэшауэ екІуэкІа зэхуэсыгъэ къыщызэІуахым республикэм армспортымкІэ и федерацэм и унафэщІ, судья нэхъыщхьэ Катаев Таймураз спортсменхэм ягу къигъэкІыжащ гу зылъытапхъэ хабзэ нэхъыщхьэхэр.

Зэхьэзэхуэм щытекІуащ КъБР-м и Къэрал автоинспекцэм и командэр, Урысей МВД-м и Краснодар университетым Іэщ Іагъэм щыхагъахъуэ и Кавказ-Ищхьэрэ институтым и филиалым и гупыр етІуанэщ, Урысей ФСБ-м и Гъунапкъэхъуэм управленэу КъБР-м щыІэм и спортсменхэм ещанэ увыпІэр ялысащ.

ТекІуахэм кубокхэмрэ щІыхь тхылъхэмрэ иратащ. Зэхьэзэхуэм жьыджэру зэрыхэтам папщІэ «Динамо»-м и ЩІыхь тхылъыр хуагъэфэщащ Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм.

БАХЪСЭН Сэтэней.

● Футбол

Я унэм къару щагъуэтыж

Урысей Федерацэм футболымкІэ и ещанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым и щІалэгъуалэ гупым щыджэгу «Спартак-Налшыкым» иужь зэІущІитІыр фІахьауэ къиГъэзэжами, и унэм зыкъыщиужьыжащ.

МЭХЪЭЧКЪАЛЭ кьикІа «Динамо-Дагъыстэныр» налшыкдэсхэм я губжьыгъуэм кърихьэлІащ. Джэгум и япэ Іыхьэм «Спартак-Налшык-2»-м и капитан Абазэ Астемыр хьэщІэхэм я гъуэм топитІ диГъэкІащ.

ЗаГъэпсэкуу къыкъэкІ иужькІэ Глашев Алимрэ Гъурф Азэмэтрэ бжьыгъэр ягъэбэгъуащ. Мэхъочкъалэдэсхэм абы жэуап иратыфакъым икІи зэІущІэр 4:0-у иухащ.

Иужьу къажьа текІуэныгъэм и фІыгъэкІэ, «Спартак-Налшык-2»-р турнир таблицэм зымащІэкІэ къыщыдэкІуэтеижащ. Я екъулІэныгъэр щІигъэбыдэн папщІэ ди щІалэщІэхэм адэкІи я очко бжьыгъэм хагъэхъуэн хуейщ. Абы папщІэ шыщхьэуІум и 19-м Іэмал хъарзынэ яІэнущ - Налшык кьеблэгъэнущ Элиста и «Уралан»-р.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и ещанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Волгарь-М»	5	4	1	0	19-4	13
2. «Леки»	6	4	1	1	9-6	13
3. «Уралан»	7	3	2	2	13-6	11
4. «Магас-ИнГУ»	8	2	4	2	8-7	10
5. «Спартак-Налшык-2»	5	3	0	2	10-4	9
6. «Политех-ГБОУ-РДЮСШ»	7	2	2	3	9-12	8
7. «Хасавюрт»	6	2	1	3	5-13	7
8. «Динамо-Дагъыстэн»	8	1	3	4	6-18	6
9. «Академия «Анжи»	4	0	0	4	0-9	0

● КъБР-м и прокуратурэм

Сом мелуаным нэблагъэ щІеуфэ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Іэ щІидзащ 1973 гъэм къалъхуа Кухарский Константин хуэгъэзауэ къыізэІуаха уголовнэ Іуэхущкіэ тхылъым. Ар ягъэкъуанщэ УФ-м и УК-м и 198-нэ статьям и япэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуэ щІэпхъаджагъэ зэрилэжьам къыхэкІыу (налогышхуэ зэрыщІиуфам папщІэ).

СЛЕДСТВЭМ къызэрихутамкІэ, Іэнатіэ къызэІуимыхыу щхьэзакъуэ хьэрычэт лэжьыгъэ щригъэкІуэкІым, налог декларацэхэр имыту, апхуэдэу игъэхьэзыр налог декларацэхэм хьыбар нэпцІкэр иритхэурэ, 2010 - 2013 гъэхэм налогыу сом мелуаным нэблагъэ щІиуфащ.

Зэрагъэкъуанщэ тхылъыр ящыта нэужь, щыхэплъэн папщІэ, уголовнэ Іуэхур Налшык къалэ судым иратащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

● Щэнхабзэ

Сыт гугъэр зэпхар?

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондыр мы гъэм зыхунэсахэм иджыблагъэ тепсэлъыхьащ а Іуэхущ Іапіэм илъэс куэд щІауэ и унафэщІ Вэрокъуэ Владимир.

ПСОМ ЯПЭУ къыхэзгъэщІыпхъэ 2015 гъэр къызэрихьэрэ мы жылагъуэ Іуэхущ Іапіэм республикэм и щэнхабзэм щекІуэлъаІуэ Іуэхугъуэ куэд къызэрызэригъэпэщаг, щІыналъэм щылажьэ лъэпкъ-щэнхабзэ центрхэм и нэІэ зэратригъэтыр, унэтІныгъэ куэдкІэ жыджэру зыкъызэригъэльагъуэр. Щэнхабзэмкіэ фондым щекІуэкІащ «Масленица» гуфІэгъуэ зэхьыхьэр, «Гъатхэ лэгъуныкъуэ» гъэльагъуэныгъэр, «Наурыз Бейрэм» пшыхьэр, уэрэджэлІакІуэ ныбжьыщІэхэм я «Дунейр тхъумэну уэсят къытхуащІащ» республикэ зэхьэзэхуэр, «Унагъуэр цІыхум и лъапІэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ» стІол хъурейр, дунейм ехьжа кинематографистхэм я фэеплъ пшыхьыр, хьэбэрдей тхакІуэ Къашыргъэ Хьэпащ Іэ и тхыгъэхэр иту томищ хъууэ къыдагъэкІа тхылъхэм ятеухуа зэІущІэр, нэгъуэщІ куэди.

КъБР-м щэнхабзэмкіэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Іминат Вэрокъуэ Владимир и Іуэхущ Іафэхэм пэкІуэу КъБР-м щэнхабзэмкіэ и министр Къумахуэ Мухьэдин и фІыщІэ тхылъыр иритащ. КъищынэмыщІауэ, Урысейм и Профсоюзхэм я федерацэм и дыщэ дамыгъэхэр хуагъэфащащ Вэрокъуэм, режиссер Мартировэ Ринэ, «Тетраграф» ООО-м и унафэщІ Шакъ Елбэрд сымэ.

Граждан жылагъуэхэм я институтхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Герговым Джамбулэт къыхипхкІэ кІуэтэну хущІэкъурт. Арати, гъунэгъу зыхуэзмыщІыщІэурэ, и къарур иухыукІэ сыпэплъащ. ИтІанэ сэ сытеГуплІэу щІэздзащ».

Дунейпсо классымкіэ спортым и мастер Хьэмыкъуэ Пётр нэхъапэми ехьулІэныгъэфІхэр иІащ. Къэпщтэмэ, мэлыжьыхь мазэм ар WSB-м къызэригъэпэща зэхьэзэхуэм щытекІуэри, Бразилием и Рио-де-Жанейрэ 2016 гъэм щекІуэкІну Олимп Джэгуэхэм хэтыну хуит зыщІ лицензэр къижьащ. Абы итхэмкІэ Урысей Федерацэм и чемпионатхэм дыжьын, жэз медалхэр щызыІэригъэхьащ.

«Иджы дунейпсо чемпионатым ерыщу зыхуэзгъэхьэзырынущ. Европэм и чемпион сызэрыхуэм абы сыхэтыну Іэмал къызет, - жиІащ Хьэмыкъуэм. - Олимп лицензэр сиІэ щхьэкІэ къэмынэу дуней псом и чемпион сыхъуныр сыхущІэкъунущ».

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Нэхъыжьхэм йогуапэ

гъэщащ республикэм щыІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэу 800-м щІигъуми лъэпкъ-щэнхабзэ центру 19-ми КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым и гулъытэр зэралъытаІэсэфыр, абы мыкъэнэшхуэ иІэу къызэрилъытэр. «Щэнхабзэмкіэ фондым, абы и унафэщІым чэнджэщкІэ щІэх-щІэхьурэ закъыхудогъаазэри, зэи ущымыуэну дэІэпыкъуэгъу ар къытхуохъу», - жиІащ Гергоковым.

КъБР-м и Сурэтщ Іхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Темыркъан Геннадий жиІащ и псалъэм кІыхь зримыгъэщІу Щэнхабзэмкіэ фондым и унафэщІу Вэрокъуэр иджыри зэ хахыжьну къыхилъхьэну зэрыфІэкъабылыр.

«Алан» зэгухьэныгъэм и гъэзэщІакІуэ гупым и Іэтащхьэ Жабоев Жэбрэйил къыхигъэщащ: «Ди щэнхабзэр ефІакІуэ зэпыту тхужьыІэнкъым, ауэ Щэнхабзэмкіэ фондыр диІэу гугъэфІхэр бызэриІэнури зэхъкъщ. Абы лъэпкъ псори и зэхуэдэщ».

ЗэІущІэм и кІэухым псори зэдзэрэзыуэ Вэрокъуэ Владимир КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым и унафэщІу хахыжащ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Нэщ Іэныджэ Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, Щхьэщэмыщ І Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьэдзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщ Іапіэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапіэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкі Сонэ, редактору Уэрдэкъуэ Женя, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Аэзмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дізлэныкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ.** *Компьютерхэм я газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ, Мэзбахъуэ Анжелэ,** *сурэтчэхым елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1396